

DONYANING “WONG CILIK” WONTEN ING GEGURITAN

ANGGITANIPUN TURIYO RAGILPUTRA

(KONSEP PANDANGAN DUNIA- LUCIEN GOLDMANN)



Dening:

Estri Wiji Asih

NIM 15714251005

Tesis menika dipunserat kangge njangkepi prasarat

Nggayuh gelar Magister Pendidikan

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

PROGRAM PASCASARJANA

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2020

PASARUJUKAN

DONYANING 'WONG CILIK' WONTEN ING GEGURITAN

ANGGITANIPUN TURIYO RAGILPUTRA

(KONSEP PANDANGAN DUNIA- LUCIEN GOLDMANN)

ESTRI WIJI ASIH

NIM 15714251005

Tesis menika dipunserat minangka jejangkeping sarat
anggayuh gelar Magister Pendidikan

Inkang nyarujuki,
Pembimbing,




[Handwritten signature]
Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum
NIP. 19640403 199001 1 004

Kapriksan,
Program Pascasarjana
Universitas Negeri Yogyakarta


Direktur

10/2-2020



Prof. Dr. Marsigit, M.A.
NIP. 19570719 198303 1 004

Ketua Program Studi,




Dr. Mulyana, M.Hum.
NIP. 19661003 199203 1 002

PENGESAHAN

**DONYANING “WONG CILIK” WONTEN ING GEGURITAN
ANGGITANIPUN TURIYO RAGILPUTRA
(KONSEP PANDANGAN DUNIA- LUCIEN GOLDMANN)**

**ESTRI WIJI ASIH
NIM 15714251005**

Dipunandharaken wonten ing sangajengipun Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal: 20 Februari 2020



Dr. Mulyana, M.Hum
(Ketua/Penguji)

[Handwritten signature]

27 Februari 2020

Dr. Purwadi, M.Hum
(Sekertaris/Penguji)

.....

**Prof. Dr. Suwardi
Endraswara, M.Hum**
(Pembimbing/Penguji)

.....

Prof. Dr. Suwarna, M.Pd
(Penguji Utama)

[Handwritten signature]

27 Februari 2020

Yogyakarta, Februari 2020
Program Pascasarjana
Universitas Negeri Yogyakarta
Direktur,

Prof. Dr. Marsigit, M.A
NIP. 19570719 198303 1 004

ABSTRAK

ESTRI WIJI ASIH: *Donyaning “wong cilik” wonten ing Geguritan Anggitanipun Turiyo Ragilputra (Konsep Pandangan dunia- Lucien Goldmann).* Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Tujuan penelitian ini adalah untuk membahas tentang *pandangan dunia* pengarang terhadap “wong cilik” dalam geguritan karya Turiyo Ragilputra. Penelitian ini tergolong dalam penelitian deskriptif analisis. Korpus data dalam penelitian ini berupa kata, frase, larik, maupun bait dari *geguritan* yang mengungkapkan pendapat pengarang terhadap kehidupan “wong cilik”. Subjek penelitian ini adalah kumpulan *geguritan* karya Turiyo Ragilputra. Penelitian dilakukan dengan teknik baca dan catat. Teknik tersebut dilakukan dengan langkah peneliti membaca dengan cermat, memperhatikan setiap bagian dari sumber data yang sesuai dengan tujuan penelitian. Selanjutnya, bagian yang merupakan data ditulis dalam kartu analisis data. Uji validitas menggunakan validitas semantisdengan memperhatikan korpus data berdasarkan konteks sumber data. Uji reliabilitas data dalam penelitian ini menggunakan reliabilitas intrarater untuk mendapatkan data yang konsisten dan reliabilitas interrater dengan melakukan konsultasi terhadap ahli. Hasil penelitian ini adalah: Turiyo Ragilputra sebagai pengarang geguritan juga sebagai anggota kelompok sosial melalui geguritannya memiliki *pandangan dunia* bahwa ‘wong cilik’ sebagai kelompok sosial masyarakat selalu menerapkan *laku* atau sikap hidup yaitu sikap mawas diri, hidep *narima*, *eling* dan *waspada*, pasrah dan berserah, ikhtiar, dan selalu penuh pengharapan dalam hidupnya.

Keyword : sosiologi sastra, *pandangan dunia* pengarang, ‘wong cilik’, *geguritan*

ABSTRACT

ESTRI WIJI ASIH: *Donyaning “wong cilik” wonten ing Geguritan Anggitanipun Turiyo Ragilputra (Konsep Pandangan dunia- Lucien Goldmann).* Thesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

The purpose of this study is to discuss the author's worldview of “wong cilik” in *geguritan* by Turiyo Ragilputra. This research is classified as descriptive analysis. The corpus of data in this study consists of words, phrases, arrays, as well as bait from the *geguritan* which expresses the author's opinion on the life of ‘wong cilik’. The subject of this research is a collection of Turiyo Ragilputra's *geguritan*. The research was carried out by reading and writing techniques. The technique is carried out with the steps the researcher reads carefully, paying attention to each part of the data source that is in accordance with the research objectives. Furthermore, the part which is the data written in the data analysis card. Validity test uses semantic validity by observing corpus data based on data sources. The data reliability test in this study uses intrarater reliability to obtain compatible data and interrater reliability by consulting experts. The results of this study are: Turiyo Ragilputra as the author of *geguritan* as well as members of social groups through his javanese poetry has a world view that the ‘wong cilik’ community as a social group always implements behavior or attitude of life that is introspective attitude, *narima* in his live, *eling* and *waspada*, surrender in live, endeavor, and hopefully in his life.

Keyword: literary sociology, worldview of authors, “wong cilik’, *geguritan*

PRAWACANA

Puji sukur konjuk dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Asih, namung krana berkahipun satemah tesis kanthi irah-irahan “*Donyaning “wong cilik” wonten ing Geguritan Anggitanipun Turiyo Ragilputra (Konsep Pandangan dunia-Lucien Goldmann)*” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Tesis menika dipunserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar magister pendidikan*.

Ing kalodhangan menika panyerat ugi badhe ngaturaken panuwun dhumateng Bapak Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum. minangka pembimbing tesis ingkang sampun paring kawruh saha bimbingan satemah tesis menika saged karampungaken, saha pihak-pihak ingkang sampun paring panyengkuyung inggih menika dhumateng:

1. Rektor Universitas Negeri Yogyakarta saha Direktur Program Pascasarjana sarta staf, ingkang sampun mbiyantu dumugi tesis menika dados.
2. Bapak Dr. Mulyana, M.Hum minangka kaprodi Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring sedaya wewarah.
3. Bapak-Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh, piwulang, miwah panjurung prayogi dhateng panyerat;
4. Tiyang sepuh kekalih, Bapak Manggyo Wiloso saha Ibu Estiningtyas Utami, ingkang tansah paring panyengkuyung sarta pandonga tumrap panyerat.
5. Semah kula Mas Pradno Pratomo, anak kula kekalih, rayi, kangmas, mbakyu saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring pandonga.

6. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2015 ingkang boten saged panyerat sebataken satunggal-satunggal, maturnuwun awit tansah paring pambiyantu satemah tesis menika saged kaimpun.
7. Sedaya tiyang ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal, ingkang sampun paring pambiyantu kangge ngrampungaken tesis menika.

Anggenipun damel tesis menika dereng jangkep, kawastanan sae, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, sedaya pamrayogi saha panyaruwe saking sedayanipun tansah katampi kanthi sukaning manah. Mugi-mugi tesis menika saged murakabi tumrap kita sedaya.

Yogyakarta, Januari 2020

Panyerat,

Estri Wiji Asih

WEDHARAN

Inggang tandha tangan ing ngandhap menika, kula:

Nama : Estri Wiji Asih
NIM : 15714251005
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Ngandharaken bilih tesis menika, inggang damel kula piyambak. Inggang kula mangertos, tesis menika boten dipunuji kangge pikantuk *gelar* magister pendidikan wonten ing Perguruan Tinggi sanesipun, saha inggang kula mangertosi ugi, wosipun tesis menika boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu inggang kula pendhet minangka acuan kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat tesis inggang umum lan dipunserat wonten kapustakan.

Wedharan menika dipunserat kanthi saestu. Menawi samangke wonten kasunyatanipun wedharan menika boten leres, sedayanipun dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, Januari 2020
Panyerat,

Estri Wiji Asih
NIM. 15714251005

WOSING ISI

	kaca
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	9
C. Watesaning Perkawis	10
D. Wosing Perkawis	10
E. Ancasing Panaliten	10
F. Paedahing Panaliten	11
G. Pangertosan	11
BAB II GEGARAN TEORI	13
A. Sosiologi Karya Sastra	13
B. Strukturalisme Genetik Lucien Goldmann.....	17
C. <i>Pandangan dunia</i> Jawa	22
D. Panaliten ingkang Jumbuh	27
E. Nalaring Pikir	28
BAB III CARA PANALITEN	30
A. Jinising Panaliten	30
B. <i>Data</i> lan Sumber <i>Data</i>	30
C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	31
D. Pirantining Panaliten	32
E. Caranipun Ngesahaken <i>Data</i>	32
F. Caranipun Nganalisis <i>Data</i>	33
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	35
A. Asiling Panaliten	35
B. Pirembagan	37
<i>Pandangan dunia</i> “wong cilik”	40
1. Mawas Dhiri	40
2. Gesang Narima (Narima ing Pandum)	50
3. Eling lan Waspada	58

4. Pasrah lan Sumarah	62
5. Ikhtiyar	66
6. Kebak Pangajeng-ajeng	71
BAB V PANUTUP	80
A. Dudutan	80
B. Pamrayogi	80
C. Tundhon	81
KAPUSTAKAN	82
LAMPIRAN	86

DHAFTAR GAMBAR

Gambar 1. Bagan Konsep *Pandangan dunia* Pengarang Lucien Goldmann..... 28

DHAFTAR TABEL

Tabel 1. Wujud kertu data panaliten	32
Tabel 2. Wujud Pandangan Dunia Pengarang tumrap 'Wong Cilik'	36

DHAFTAR LAMPIRAN

Lampiran 1. Geguritan karya Turiyo Ragilputra	86 – 102
Lampiran 2. Kartu data panaliten	103 – 130

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Gesang wonten ing satengahing masarakat tansah ngrembaka nut kaliyan ewah gingsir saha pangrembakaning jaman. Masarakat tansah ngrembaka awit saben tiyang gadhah pamikiran saha upiya kangge nglampahi gesang ingkang langkung sae. Makaten ugi sastra minangka asiling kabudayan masarakat, ingkang tuwuh saking gagasaning satunggal menapadene sakelompok tiyang, tansah ngrembaka minangka peranganing gesang masarakatipun.

Sastra kaliyan masarakat mesthi gayut antawisipun satunggal kaliyan sanesipun. Kados ingkang dipunandharaken dening Ratna (2004: 60) bilih dhasaripun antawis sastra kaliyan masarakat wonten sesambetan ingkang *hakiki*. Sesambetan menika wonten amargi karya sastra dipunasilaken dening pengarang, pengarang piyambak minangka peranganing masarakat. Boten namung gadhah sesambetan nanging ugi wonten dayanipun perangan satunggal kaliyan satunggalipun. Karya sastra damelanipun pengarang ing samangke ugi saged kangge ing satengahing masarakat, amargi ing salebeting karya sastra menika wonten pitutur utawi piwulang ingkang luhur.

Karya sastra kawujudaken minangka gagasaning pengarang adhedhasar kawontenan ing masarakatipun. Pramila karya sastra dipunsebat minangka *fenomena* saha *produk sosial* (Fananie, 2002:193). Satemah ingkang katingal wonten ing karya sastra menika sawijining pagesangan masarakat ingkang tansah

ewah gegayutan kaliyan *struktur, fungsi*, menapadene kegiatan saha kahananing *sosial budaya* ingkang ndhasari gesanging masarakat nalika karya sastra menika karipta. Miturut Damono (2002: 11) wonten ing salebeting karya sastra ngatingalaken gambaran ngengingi *struktur sosial, hubungan kekeluargaan, pertentangan kelas*, lan sanes-sanesipun. Dados, kahananing gesang ing kasunyatan menapa kemawon saged dados bahan pamikiran pengarang kangge ngripta karya sastra.

Goldmann (wonten ing Faruk, 2010: 56) nyarujuki pamawas bilih karya sastra menika sawijining *struktur* ingkang asipat *dinamis* amargi minangka produk sejarah saha budaya ingkang wonten lajengipun. Bab menika amargi karya sastra karipta kanthi rerantaman ingkang tansah ngalami ewah-ewahan sapiturut kaliyan lampahing jaman. Karya sastra minangka *struktur* awit dipunrantam dados reriptan ingkang wetah ingkang dipundhasari ancas tartamtu saking pangripta utawi pengarangipun. Bab menika saged kajumbuhaken kaliyan andharanipun Kurniawan (2012: 105) bilih sastra minangka *struktur* menika gadhah makna ingkang kadhasaran ancasiipun panyerat anggenipun ngripta sastra, saha ancas menika dipundayani kawontenan sejarah, budaya, saha sosial masarakat. Dene karya sastra dipunwastani asipat *dinamis* awit minangka reriptan, karya sastra nggambaraken jaman utawi wekdal tartamtu ingkang tansah ewah.

Karya sastra miturut Abrams (wonten ing Pradopo, 1995: 93) inggih menika karya seni. Karya sastra minangka karya seni ateges wonten *unsur* kaendahan ing salebeting karya sastra ingkang saged dipunsukani *apresiasi*.

Sanesipun unsur kaendahan, unsur sanesipun saking karya sastra ugi saged dipun*apresiasi* kadosta saking perangan wosipun utawi makna karya sastra menapadene maksud utawi ancasipun. *Apresiasi* karya sastra menika saged kawujudaken kanthi nindakaken sawijining panaliten karya sastra.

Menawi ngrembag karya sastra temtu ugi boten saged uwal saking unsur pangripta utawi pengarangipun. Pengarang karya sastra wonten ing kalenggahanipun minangka tiyang ingkang kalebet ing masarakatipun, pramila saged mangretos saestu prekawis ingkang wonten ing masarakat. Miturut *istilah* saking Goldmann, sastra menika minangka *produk subjek kolektif*. Bab menika lajeng dipuntegesi dening Kurniawan (2012: 106) bilih sastra minangka *produk* saking pengarang ateges anggenipun karipta menika boten namung *proses libidinal* saha impen, nanging *proses* reriptanipun wonten ing *konteks* pagesangan masarakat secara *kolektif*, satemah saged ndayani secara sosial, sejarah, saha budaya wonten ing gesang masarakat. Dene pengarang nalika makarya, piyambakipun sanes minangka *individu*, nanging minangka peranganing masarakat (*subjek kolektif*) ingkang ngrekadaya kasunyatan adhedhasar pamawasipun.

Kangge mangretos gegambaran pagesangan sosial ing salebeting karya sastra saged katindakaken panaliten migunakaken *pendekatan sosiologi sastra*. *Sosiologi sastra* inggih menika satunggaling ngelmu ingkang nyinau bab gesanging manungsa setunggal kaliyan sanesipun ing masarakat, ingkang wonten ing salebeting karya sastra minangka asil kabudayan ing gesanging manungsa. Tegesipun *sosiologi sastra* menika nyinau gayutipun sastra kaliyan pagesangan

sosial kanthi objek ingkang sami inggih menika manungsa wonten ing masarakat. Langkung mligi malih ngengingi pamawasipun pengarang dhateng donya sakiwa-tengenipun ingkang jumbuh kaliyan pamawas masarakat umumipun. Bab menika jumbuh kaliyan *pandangan dunia* pamawasipun Lucien Goldmann ingkang kalebet wonten ing konsep *strukturalisme genetik*. *Strukturalisme genetik Goldmann* minangka *pendekatan sastra* saking teks ingkang fokus dhateng sedaya prekawis asipat ekstrinsik utawi ing sajawining teks, inggih menika pengarang minangka anggota *subject collective* saking satunggaling masarakat (Kurniawan, 2012: 103).

Konsep strukturalisme genetik saking Lucien Goldmann menika asring dipunginakaken mliginipun ing panaliten sastra. Kados ingkang dipunginakaken dening Dian Annisa Nur Ridha (2013:10) ingkang nлити novel *Noruwei no Mori* minangka sastra Jepang. Panaliten karya sastra menika asilipun antawisipun struktur karya sastra ingkang nyawiji jumbuh kaliyan *pandangan dunia* ingkang kagambaraken. Saking asiling panaliten menika kaandharaken bilih karya menika nggambaraken pamawas donya ing wekdal kepengker ngengingi *nilai-nilai Ketuhanan*, pamawas donya ing jaman samenika, utawi donya ing wujud *industrialisasi* saha *urbanisasi*, saha manungsa ingkang milih antawisipun kalih unsur kasebat utawi malah milih kangge nglampahi kekalihipun. Pramila saged dipunwastani karya sastra Jepang *Noruwei no Mori* menika minangka karya ingkang agung saha nggambaraken pamawas donya kelas pekerja saha kaum urban ing Jepang.

Panaliten sanesipun inggih menika ingkang katindakaken dening Sutardi,skc (2013). Panaliten menika ngrembag pamawas saking panyerat ngengingi donya wonten ing trilogi novel *Gadis Tangsi* dening Suparto Brata inggih menika humanisme sosial. Humanisme sosial wonten novel menika gayut kaliyan pamawasipun Suparto Brata kangge mbelani nasib rakyat limrahipun, utaminipun tiyang estri. Lajeng saking struktur teks nedahaken tema prekawis kirangipun pangretosan ngengingi budaya Jawi mliginipun nilai-nilai kemanusiaan, sarta nggambaraken struktur sosial masarakat Jawi nalika jaman penjajahan Belanda saha Jepang. Struktur masarakat Jawi kaperang dados kalih, inggih menika priyayi kaliyan masarakat ingkang limrah utawi ‘wong cilik’. Sanesipun menika karembag ugi ngengingi perjuangan kangge *kesetaraan gender*, saha nilai-nilai pendhidhikan gegayutan kaliyan kalenggahanipun tiyang estri Jawi, sengkutipun makarya saha sikep lan moralitas tiyang estri Jawi dalah pamikiripun.

Saking kalih panaliten menika ngginakaken konsep *pandangan dunia* Goldmann, ingkang ngasilaken *pandangan dunia* saking novel *Norwei no Mori* inggih menika pamawas donya saking para buruh saha kaum urban ing Jepang, saha pamawas donya ngengingi *humanisme sosial* saking novel *Gadis Tangsi*. Saking kalih prekawis menika saged dados pancadan kangge nindakaken panaliten bilih karya sastra ngewrat *pandangan dunia* tartamtu saking pengarang gayut kaliyan ancasipun karya sastra.

Salah satunggaling wujud karya sastra, mliginipun ing jaman sastra Jawa *modern*, inggih menika geguritan utawi *puisi Jawa modern*. Geguritan ngrembaka

wonten ing satengahing masarakat menika boten uwal saking peran *media massa*. Majalah utawi kalawarti minangka salah satunggaling media ngewrat karya sastra kadosta geguritan, satemah saged dados wadhah para panggurit kangge nepangaken asil karyanipun dhateng masarakat. Kanthi *media*, para panggurit (panyerat/pangripta geguritan) saged mahyakaken karya-karyanipun dhateng masarakat. Amargi ing kasunyatanipun, kalawarti basa Jawa menika dados sarana ingkang langkung efektif kangge nyaluraken *ekspresi kreatif* para panggurit. Lumantar *media*, panggurit saged tansah ngasah kauletanipun nyerat. Pramila *media* ugi tansah ngraketaken sesambetanipun kaliyan para panggurit kanthi paring pangaji-aji dhateng karya-karya sastra ingkang kabiji sae.

Panggurit ingkang gadhah sesambetan raket kaliyan *medianipun* salah satunggalipun inggih menika Turiyo Ragilputra. Piyambakipun saged dipunwastani gadhah sesambetan ingkang raket amargi karya geguritanipun kathah ingkang kapacak wonten ing *media* mliginipun kalawarti Panjebar Semangat. Kathahipun geguritan ingkang kapacak ndadosaken Turiyo lajeng pikantuk pangaji-aji kadosta ing taun 1990 reriptanipun kalebet geguritan *terbaik* ing wekdal setaun menika saking kalawarti Panjebar Semangat. Pangaji sanesipun, Prasidatama ing taun 2014 inggih menika pangaji kangge sastrawan saha tokoh ingkang gadhah *dedikasi* saha semangat ingkang inggil kangge makarya ing bidang basa saha sastra Indonesia sarta Jawa.

Minangka panggurit ingkang gadhah *dedikasi* inggil, Turiyo menika ugi boten namung ngintun karya dhateng kalawarti. Ngrembakanipun panerbit saha percetakan, lajeng kathah geguritan ingkang lajeng dipundamel wujud buku,

inggih menika antologi, sae ingkang wosipun karya sesarengan menapadene ingkang wosipun namung karya tunggal, saking satunggal panggurit. Mekaten ugi Turiyo Ragilputra, kangge nglestantunaken karya geguritanipun lajeng dipundamel antologi geguritan kanthi irah-irahan “Bledheg Segara Kidul”. Antologi menika ngewrat geguritan karyanipun Turiyo saking taun 1987 – 2007, ingkang cacahipun 105 karya, sae menika ingkang kapacak utawi boten ing *media massa* utawi kalawarti.

Saking antologi ingkang *terbit* taun 2007 menika, Turiyo Ragilputra ugi pikantuk pangaji-aji inggih menika Rancage taun 2008. Geguritan ingkang kaemot ing Antologi Geguritan Bledheg Segara Kidul gagasanipun langkung condhong ngrembag prekawis sosial (Nurlaeli, 2011). Gagasan utawi idhe geguritan dipunsengkuyung wontenipun sawetawis pilihan tembung utawi diksi ingkang gadhah fungsi kangge ngiyataken utawi neguhaken gagasan ingkang wonten salebeting geguritan. Antologi geguritan menika narik kawigatosan panaliti inggih menika saking perangan basanipun geguritan, pamilihing tetembungan ingkang prasaja nanging mentes, nedahaken *kreatifitas* pengarangipun anggenipun ngandharaken maksud wonten salebeting geguritan. Sanesipun menika geguritan-geguritan anggitanipun Turiyo nedahaken bilih pagesanganing masarakat saestu dados dhasar reriptan karya-karyanipun. Perkawis menika katitik saking wosipun geguritan ingkang ngandharaken prekawis menapadene kahanan lingkungan ingkang kedadosan wonten ing masarakat. Jumbuh kaliyan Prabowo (2013:50) ingkang ngandharaken bilih Turiyo menika lumantar geguritan-geguritan saha cerkakipun nggambaraken

wujud tiyang ingkang katindhes. Pramila minangka warganing masarakat, piyambakipun saestu makili golonganing “wong cilik” ing saben karyanipun.

Salah satunggal geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra inggih menika ingkang irah-irahanipun “Ambengan Sega Kuluban” karipta Januari 2003 lajeng kapacak ing Panjebar Semangat April 2003. Saking irah-irahan kemawon sampun nedahaken latar sosial, bilih ambengan sega minangka peranganing tradhisi slametan ing dhusun. “Ambengan” wonten ing *konteks* menika nedahaken gesang sesrawungan utawi sareng-sareng.

*Ambengan sega kuluban dieler ing tampah
diladekake ing pasamuwan
direncah bebarengan, kroyokan, rebutan
Ambengan sega kuluban
ora ana sing ngerti duweke sapa
kejaba dadi pangane wayang,
para dhalang sing lagi lungguh methingkrang
(kidang lan truwelu, kinjeng lan kupu
mung bisa nyawang sinambi ngeleg idu)
Ambengan sega kuluban, wis gusis dienggo pesta
mung kari tampah ngganda amis,
angganda amis banjur kanggo bal-balan para buta!*

Pethikan geguritan menika nyariyosaken paraga wayang, dhalang, buta, saha kewan (kidang, truwelu, kinjeng, kupu) ingkang wonten ing satunggaling swasana. Kanthi gambaran paraga menika pengarang badhe ngandharaken wontenipun tingkatan sosial ing salebeting masarakat. Dene “ambengan sega kuluban dieler ing tampah” minangka gambaran rejeki, kabagyan, ingkang kaparingaken secara *cuma-cuma*, ingkang tansah dados rebutan sedaya tiyang, kalebet ‘dhalang’ minangka gambaran tiyang ingkang gadhah kuwaos dhateng wayangipun. Dipungambaraken malih ‘kewan-kewan’ ingkang boten wonten ajinipun menawi dipunbandhingaken kaliyan paraga sanes, pramila ngantos

kagambaraken ‘mung bisa nyawang sinambi ngeleg idu’. Kamangka kewan ingkang biyasanipun asring rebutan pangan menapadene papan. ‘Kewan’ ing ngriki minangka gambaranipun “wong cilik” ingkang tanpa kuwasa menawi katandhingaken kaliyan ‘dhalang’ minangka gambaran ‘wong gedhe’.

Andharan kasebat sampun nerangaken gambaran gesang nalika semanten, awit kawontenan jaman ingkang saged ewah, sampun sawatawis wekdal kalampah, lajeng saged dipuntingali gambaran kasebat ing wekdal samenika. Pramila prekawis menika boten cekap menawi namung dipunmangretos maknanipun, langkung lebet malih kedah dipunmangretos pamawas donyaning pengarang ngengingi kawontenan sosial menapa ingkang sajatosipun badhe kaandharaken, saha gegambaranipun strata sosial tartamtu wonten ing pagesangan masarakat, lan ugi kadospundi *relevansi* gegambaran menika ing wekdal samenika. Awit saking menika prelu dipunwontenaken panaliten kangge mangretosi prekawis geguritan minangka karya sastra ingkang dipungayutaken kaliyan gesang masarakat ingkang kawawas dening pengarang.

B. Underaning Prekawis

Saking dhasaring panaliten menika wonten prekawis-prekawis ingkang saged dipuntliti kadosta:

1. Gegayutanipun karya sastra mliginipun geguritan kaliyan masarakat.
2. Dayaning pagesangan sosial dhateng reriptaning geguritan.
3. Gambaran donyaning “wong cilik” wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra.

4. *Pandangan dunia* pengarang tumrap “wong cilik” wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra.
5. *Fungsi sosial* saking geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra tumrap masarakat ing wekdal menika

C. Watesaning Prekawis

Prekawis kedah dipunwatesi supados panaliten ingkang katindakaken saged langkung *fokus*. Pramila panaliti namung mendhet saperangan perkawis, inggih menika ing bab *pandangan dunia* pengarang tumrap “wong cilik” wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra.

D. Wosing Prekawis

Adhedhasar watesaning prekawis ingkang kaandharaken, lajeng saged kapendhet wosing prekawis inggih menika, kadospundi *pandangan dunia* pengarang tumrap “wong cilik” wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken prekawis ingkang dados pirembagan ing panaliten, inggih menika ngandharaken *pandangan dunia* pengarang tumrap “wong cilik” wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika katindakaken kanthi pangajab saged maedahi kangge panaliti menapadene masarakat pamaos.

1. Paedah teoritis

Panaliten menika saged dados pandom kangge panaliten sanesipun ingkang ngginakaken *pendekatan sosiologi sastra*, utaminipun panaliten ngengingi gambaran kahanan sosial wonten karya sastra ingkang ngginakaken konsep *pandangan dunia-Goldmann*.

2. Paedah praktis

Panaliten menika saged kangge mbiyantu para pamaos supados langkung mangertos ancas saha wosing geguritan kanthi *pendekatan sosiologi sastra*, sarta mindhakaken kawigatosanipun para pamaos kangge paring apresiasi sastra.

G. Pangretosan

1. Donyaning “wong cilik”

Donya wonten ing panaliten menika ateges lingkungan utawi kawontenan ing padintenan. Dene sebutan “wong cilik” ateges golonganing masarakat, mliginipun masarakat Jawi ingkang adhedhasar status sosial, kalebet ing golongan menika inggih para buruh, pedagang alit, tiyang tani, saha para pegawe. Pramila donyaning ‘wong cilik’ inggih ngrembag pagesanganing golongan masarakat ingkang andhap ing padintenan.

2. Geguritan

Geguritan inggih menika salah satunggaling karya sastra ingkang karipta adhedhasar pamawas saha gagasaning pengarang adhedhasar kawontenan ing lingkungan sosialipun.

3. *Konsep Pandangan dunia-Lucien Goldmann*

Pandangan dunia miturut *Lucien Goldmann* inggih menika minangka sedaya ide, gagasan saha raos ingkang nggayutaken *antarindividu* wonten ing satunggal kelompok sosial.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Sosiologi Karya Sastra

Sosiologi karya sastra inggih menika kajian sosiologi sastra ingkang ngrembag karya sastra sarta gayutipun kaliyan perkawis sosial ingkang wonten ing masarakat (Wiyatmi, 2013:41). Fokus ingkang wigati saking sosiologi karya sastra inggih menika wonten ing wosipun karya sastra, ancasipun karya sastra, saha perangan sanesipun ingkang wonten ing karya sastra menika piyambak ingkang gegayutan kaliyan prekawis sosial.

Saking pangertosan menika cetha bilih sosiologi karya sastra minangka salah satunggaling konsep kajian ingkang ngrembag wosipun karya sastra ingkang kagayutaken kaliyan kawontenan ing masarakat mliginipun ngengingi perkawis sosial. Dene perangan ingkang dipunrembag menika wosing karya sastra piyambak, menapa kemawon ingkang wonten ing salebeting karya sastra, saha ancasing karya sastra gegayutanipun kaliyan perkawis sosial.

Kajian sosiologi karya sastra menika nggadhahi pangertosan menawi kawawas saking ngelmu sosiologi kados ingkang dipunandharaken Damono (1979:7) bilih sosiologi inggih menika studi objektif saha ilmiah babagan manungsa saha masarakat; telaah ngengingi lembaga saha proses sosial. Sosiologi menika ngrembag babagan manungsa wonten ing masarakat, sesambetanipun manungsa setunggal kaliyan sanesipun kanthi cara langsung saha ilmiah. Dados wonten ing ilmu sosiologi menika ingkang dipunsinau inggih menika caranipun

manungsa gesang sesrawungan. Sasaran saking *sosiologi* kaperang dados sawatawis bidang pokok kados ing ngandhap menika.

- 1) Konteks sosial pengarang. Konteks sosial pengarang ngrembag gegayutan saking status sosial sastrawan wonten ing masarakat, masarakat pamaos, sarta iguh pratikel pengarang anggenipun ngasilaken karya sastra.
- 2) Sastra minangka *cermin* masarakat. Babagan menika sastra kaanggep minangka gegambaran kawontenan masarakatipun.
- 3) Fungsi sosial sastra. Ing perangan menika wonten sesambetan antawisipun *nilai sastra saha nilai sosial*.

Panaliten *sosiologi sastra* miturut Junus (wonten ing Sangidu, 2004: 27) wonten kalih corak inggih menika:

- 1) *Pendekatan sociology of literature*. Pendekatan menika ngutamakaken *faktor sosial* ingkang ngasilaken karya sastra. Dados, pendekatan menika ningali *faktor sosial* minangka *mayor* saha sastra minangka *minor*.
- 2) *Pendekatan literary sociology*. Peneliti langkung rumiyin nganalisis *faktor-faktor sosial* ingkang wonten ing karya sastra ingkang salajengipun dipunginakaken kangge mangretos *fenomena sosial* ingkang wonten sanjawining teks sastra. Dados, pendekatan menika ningali donyaning sastra utawi karya sastra minangka *mayor* dene *fenomena sosial* minangka *minor*.

Sastra inggih menika institusi sosial ingkang migunakaken basa minangka pirantinipun (Wellek & Warren, 1995: 109). Saking pangertosan menika cetha bilih sastra menika dados perangan saking lembaga ingkang sesambetan kaliyan masarakat, ingkang saged ugi ngemu teges minangka pranata ingkang tuwuh

wonten salebeting pagesangan ingkang migunakaken piranti inggih menika basa. Gegayutanipun sastra kaliyan masarakat menika asipat subjektif, tegesipun gegayutan menika saged dipuntingali saking sudut pandang pundi kemawon. Ngelmu sosiologi kaliyan ngelmu sastra dipunginakaken sesarengan wonten ing kajian sosiologi sastra amargi objek utaminipun sami inggih menika manungsa wonten ing masarakat.

Miturut Semi (1993: 73) pendekatan sosiologis menika asalipun saking pamanggih bilih karya sastra menika minangka pencerminan utawi gegambaran gesanging masarakat amargi menapa ingkang wonten ing salebeting karya sastra menika nggambaraken kahanan ingkang asring kedadosan wonten ing masarakat, mliginipun masarakat ingkang nuwuhaken karya sastra.

Miturut Watt (wonten ing Damono, 1979:4) sosiologi karya sastra ngrembag sastra minangka *cermin* masarakat. Menapa ingkang wonten in salebeting karya sastra kaanggep nggambaraken utawi mahyakaken *realitas* utawi kasunyatan ingkang wonten ing masarakat. Gayutanipun antawis karya sastra kaliyan kasunyatan, Teeuw (1988: 228) nerangaken bilih karya sastra lair saking wontenipun patuladhan dhateng kasunyatan, nanging ugi minangka model kasunyatan. Boten namung sastra ingkang neniru kasunyatan, nanging asring ugi wonten sawijining norma kaendahan ingkang diakeni masarakat tartamtu, ingkang wonten ing karya sastra. Prekawis menika ingkang dados pathokan kangge nyatakaken karya sastra ugi minangka karya seni.

Kajian sosiologi karya sastra langkung condhong kangge niti priksa karya sastra saking peranan unsur-unsur sosiobudaya ingkang wonten ing karya sastra.

Kajian menika langkung nggatosaken perangan wosipun karya sastra, tinimbang struktur karya sastra piyambak.

Pramila miturut Junus (1986:3-5), sosiologi karya sastra ingkang ningali karya sastra minangka dokumen sosial budaya dipuntengeri dening:

1. unsur (wos/cerita) wonten ing karya kapendhet uwal saking sesambetanipun kaliyan unsur sanes. Unsur kasebat secara langsung dipungayutaken kaliyan unsur *sosiobudaya* amargi karya menika sajatosipun namung mindahaken unsur *sosiobudaya* menika ing salebeting karya.
2. Pendekatan menika saged mendhet citra tartamtu, kadosta ngengingi tiyang estri, tiyang jaler, tiyang manca, tradhisi, *dunia modern*, lan sanes-sanesipun, wonten ing sawijining karya sastra utawi ing sawatawis karya ingkang *kemungkinan* saged katingal wonten ing *perspektif perkembangan*.
3. Pendekatan menika saged mendhet motif utawi tema ing salebeting karya sastra gegayutanipun kaliyan kasunyatan ing sanjawining karya sastra.

Swingewood ugi ngandharaken ngengingi sosiologi karya sastra (wonten ing Junus, 1986:7) inggih menika minangka pendekatan ingkang langkung lebet malih anggenipun ningali hubungan langsung (*one-to one-correspondence*) antawisipun unsur karya sastra kaliyan unsur wonten ing masarakat ingkang kagambaraken wonten karya kasebut.

. Gambaran ngengingi karya sastra ingkang kadangkala minangka paseksi saking tindakan sosial ingkang sae, saha suwalikipun ugi ngandharaken prekawis sosial ingkang awon. Pamawas ingkang makaten badhe ngandharaken bilih kanthi kajian *sosiologi sastra*, saged mahyakaken kalih prekawis, inggih menika: (1)

kawontenan sosial ingkang ngremenaken, nggambaraken kaendahan, saha kawontenan sosial ingkang saestu kotor, utawi ruwet (Endraswara, 2011:100).

Wosipun karya sastra ingkang gegayutan kaliyan prekawis sosial, wonten ing bab menika kawawas minangka *dokumen sosial*, utawi minangka *potret kasunyatan sosial* (Endraswara, 2011: 23). Asil panaliten ingkang dipuntindakaken dening Warton (wonten ing Endraswara, 2011: 30) dhateng sastra Inggris, saged kabukti bilih sastra saged ngrekam ciri-ciri utawi titikan saking jamanipun. Sastra miturut Warton, saged dados gudang adat istiadat, buku sumber sejarah peradaban, utaminipun sejarah bangkit saha runtuhipun semangat kasatriyan. Dados wonten ing salebeting karya sastra menika saged ngewrat menapa kemawon minangka kabudayaning masarakat.

Pendekatan sosiologi karya sastra saged dipunginakaken wonten ing panaliten karya sastra awujud prosa menapadene puisi. Pramila kanthi dhasar sosiologi sastra menika, saged kangge ngandharaken wosing karya sastra mliginipun babagan wosipun karya sastra ingkang gayut kaliyan perkawis sosial, saha *pandangan dunia* pengarang migunakaken pendekatan sosiologi karya sastra.

B. *Strukturalisme Genetik Lucien Goldmann*

Strukturalisme genetik wonten ing pengkajian sastra menika nengenaken sesambetan antawis karya sastra kaliyan *lingkungan sosial* (Rosyidi, 2013: 201). Karya sastra tuwuh wonten ing satengahing masarakat, kanthi dipunsengkuyung dening pengarang karya sastra. Pengarang wonten ing masarakat minangka individu, nanging wonten ing riptanipun kaanggep minangka *subjek kolektif*.

Bab menika dipunandharaken ugi dening Kurniawan (2012:106) sanajan sastra menika minangka *produk* saking pengarang secara pribadi, nanging menawi dipuntingali wonten ing kasunyatan sastra minangka *representasi* pengalaman ingkang boten nguwalaken pengarang saking masarakat sosial.

Strukturalisme genetik ingkang dados konsep saking Lucien Goldmann, pamawasipun inggih menika bilih ing salebeting karya sastra ngewrat pamawasing donya kanthi cara *imajiner* (Endraswara, 2012: 130). Pamanggih menika dipunsengkuyung dening Faruk (2010: 66) bilih pamawasing donya wonten ing *strukturalisme genetik* menika boten namung awujud gagasan *abstrak* ngengingi pagesanganing manungsa lan donyanipun, ananging ugi minangka cara kangge nyatunggalaken utawi mbedakaken anggota kelas sosial setunggal kaliyan sanesipun. Pramila saking andharan menika saged dipunwastani bilih pamawasing donya utawi *pandangan dunia* menika asipat *imajiner* utawi *abstrak*.

Andharan ngengingi konsep strukturalisme menika dipunsengkuyung andharan saking Dosse (1997:10) mekaten, “*Goldmann no longer saw the search for structures as incompatible with the search for genesis, and he thus opened up another direction for structuralism's development, one that was more receptive of history.*” Pranyatan menika negesaken bilih Goldmann ugi ngginakaken fakta sejarah minangka perangan saking strukturalisme genetik. Bab menika jumbuh awit wonten ing panaliten strukturalisme genetik menika nggatosaken genetik utawi asal usul karya sastra menika, pramila ugi mbetahaken katrangan ngengingi fakta sejarah kangge mangertosi perkawis menika.

Perkawis menika ugi dipunandharaken dening Swingewood (1987) bilih “*Goldmann, structure and function constituted the two essential categories*

of the human and cultural sciences but only in their relation with the human subject, consciousness and history". Andharan menika nyatakaken bilih struktur saha fungsi minangka kalih perkawis ingkang wigati (esensial) saking ilmu manungsa saha budaya nanging bab menika namung wonten ing gegayutanipun kaliyan subjek manungsa, kesadaran saha sejarah. Perkawis menika dipun gatosaken minangka dhasaring panaliten strukturalisme genetik saking Goldmann mliginipun wonten ing panaliten ingkang nelakaken pandangan dunia, utawi pamawas saking pengarang anggenipun nyipta karya sastra.

Pamawas donya menika ingkang dados jembatan antawisipun karya sastra saha fakta sosial. Miturut seratanipun, *Essays on Method in the Sociology of Literature*, Goldmann (1980:112) ngandharaken mekaten:

World views are historical and social facts. They are totalities of ways of thinking, feeling and acting which in given conditions are imposed on men finding themselves in a similar economic and social situation, that is, imposed on certain social groups.

Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih *pandangan dunia* miturut Goldmann inggih menika fakta sejarah lan sosial. Fakta kasebut minangka respon saking subjek kolektif utawi individu kanthi matrapaken kahanan gegayutan kaliyan sosial ekonomi ingkang wonten jumbuh kaliyan pamawasipun subjek menika. Subjek kolektif ingkang dados gagasanipun Goldmann inggih menika satunggaling kelompok sosial ingkang saged makili kelas sosial tartamtu.

Gegayutan kaliyan pandangan dunia, Makaryk (1993: 340) ngandharaken mekaten: "*a worldview unless they arise from a social force (such as a group or class)*", ingkang tegesipun pandangan dunia menika badhe saged tuwuh kanthi kekiyatan sosial (kadosta kelompok utawi kelas). Saking andharan menika cetha bilih pengarang minangka individu, anggenipun ngungkapaken pamawasipun wonten ing salebeting karya utawi geguritan langkung kiyat menawi pamawas ingkang dipunandharaken menika ngengingi satunggaling kelompok sosial utawi pengarang menika mapanaken dhiri minangka subjek kolektif.

Dhasaripun karya sastra menika tansah sesambetan kaliyan masarakat lan sejarah ingkang ndayani tumrap pangriptaning karya sastra. Sesambetan antawisipun struktur karya sastra kaliyan struktur masarakat dipun mediasi dening *pandangan dunia* pengarang. *Pandangan dunia* wonten ing karya sastra menika wujuding pamawas saking pengarang minangka individu ingkang makili subjek kolektif, katitik saking struktur karya sastra ingkang dipunasilaken. *Pandangan dunia* minangka kesadaran kolektif tansah ngrembaka minangka asil saking kawontenan sosial lan ekonomi ingkang dipunalami dening subjek tartamtu.

Strukturalisme genetik Lucien Goldmann menika dipundayani dening teori sosial sastra Marx ingkang gadhah konsep bilih:

1. sastra minangka satunggaling *fenomena* jaman,
2. sastra inggih menika *refleksi* gesangipun pengarang ing wekdal tartamtu,
3. sastra inggih menika *produk eksternal* ingkang dipundayani dhasar sejarah saha sosial tartamtu (Kurniawan, 2012: 103)

Saking konsep menika nedahaken bilih pengarang saha masarakat ugi ndayani tumrap tuwuhipun karya sastra, dados kangge mangretosi karya sastra saged dipunpahami saking konteks sosial masarakat ing sawingkingipun karya sastra. Pramila *strukturalisme genetik* gegayutan kaliyan sosiologi wonten ing pengkajian sastra. Ancas saking *pandangan dunia* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika kangge mangertosi gegayutan antawisipun karya geguritan, pagesangan sosial pengarang, lan prastawa sejarah ingkang andhasari wontenipun geguritan kasebut.

Dene metode ingkang dipunginakaken kangge nindakaken analisis *strukturalisme genetik* inggih menika *metode dialektik*. Miturut Goldmann (wonten ing Kurniawan, 2012: 114) metode menika dipunginakaken supados

saged pikantuk pemaknaan ingkang *menyeluruh* dhateng karya sastra kanthi kalih konsep pasangan inggih menika '*keseluruhan-bagian*' saha '*pemahaman-penjelasan*' (Faruk, 2010: 21). Konsep '*keseluruhan-bagian*' ateges karya sastra ing salebetipun ngewrat fakta utawi gagasan individual ingkang saged dipunmangretos menawi dipungayutaken kaliyan samudyaning fakta ingkang *menyeluruh*. Mekaten ugi kosokwangsulipun pemahaman ingkang *menyeluruh* mbetahaken katrangan saking perangan-perangan alit ingkang nyengkuyung. Dene konsep '*pemahaman-penjelasan*' menika ingkang dipunwastani pemahaman inggih menika usaha kangge paring *deskripsi struktur* objek utawi *identitas bagian* ingkang dipuntliti, dene penjelasan menika usaha kangge nggayutaken kaliyan struktur sanes ingkang langkung ageng minangka keseluruhan.

Saking metode kasebat lajeng saged dipunlampahi *langkah kerja strukturalisme genetik* (Kurniawan, 2012: 116-117) ingkang makaten:

1. Maos kanthi cermat, kanthi nggatosaken gegayutan tokoh ingkang kagambaraken kaliyan *objek* saha donyanipun, saha gegayutan *struktur sastra* wonten ing konteks sosial ingkang nyengkuyung. Salajengipun saged karantam model *pandangan dunia*, minangka pokok prekawis ingkang karembag.
2. Sasampunipun katemtokaken model ingkang awujud *pandangan dunia* lajeng dipunanalisis dipunwiwiti saking perangan-perangan alit ingkang mbangun struktur karya sastra ingkang wetah.
3. Sasampunipun nindakaken analisis '*keseluruhan-bagian*' dipunlajengaken analisis ingkang pungkasan ngengingi '*pemahaman-penjelasan*' inggih menika nganalisis *konteks pandangan dunia* minangka *genetik* karya sastra.

Kanthi metode menika kangkah panaliten ingkang kalampah saged ngasilaken data ingkang jangkep satemah saged dipunanalisis lan kapendhet

dudutan ngengingi perkawis *pandangan dunia* wonten ing salebeting karya sastra.

C. *Pandangan dunia Jawa*

Masyarakat Jawa minangka kelompok sosial miturut Hadiatmaja (2009: 34) inggih menika kempalaning tiyang utawi *individu* ingkang ngginakaken basa ibu Jawa ingkang tansah sesambetan setunggal lan sanesipun, gadhah norma, aturan, ukum, lan adat istiadat Jawa minangka pangreh solah bawa saha gadhah *identitas* ingkang kiyat. Masyarakat Jawa tansah ngrembaka nut kaliyan jamanipun, makaten ugi bab kabudayanipun. Kabudayan masyarakat Jawa boten namung saking wujud karya, nanging ugi ingkang wujud tumindak saha idhe utawi gagasan. Salah satunggaling gagasan inggih menika ngengingi pamawasing masyarakat Jawa dhateng donyanipun, inggih menika sedaya ingkang dipunpitados ing kasunyatan ingkang nyawiji wonten ing pengalaman ingkang tansah gegayutan.

Pamawas donya (pandangan dunia) Jawa inggih menika sikep *totalitas* sarta keyakinan ngengingi fenomena gesanging manungsa ingkang saged paring pengalaman bermakna wonten ing gesang. Pandangan dunia Jawa gegayutan kaliyan persepsi ngengingi kasunyatan ingkang dipun gayutaken kaliyan kapitadosan ngengingi alam adikodrati. Kasunyatan utawi *realitas* wonten ing *pandangan dunia* Jawa menika tansah gegayutan setunggal kaliyan sanesipun. Miturut Suseno (2001: 82) dhasaripun tiyang Jawa boten mbedakaken antawisipun sikep religius kaliyan sanesipun, saha interaksi sosial mekaten ugi

sikep dhateng alam, ugi gadhah *relevansi sosial*. Dene boten mbedakaken menika ateges sedayanipun mlampah sesarengan tanpa nengenaken satunggal prekawis, dados manungsa anggenipun sesambetan boten namung kaliyan manungsa sanes nanging ugi kaliyan alam, sedaya tansah wonten gegayutanipun.

Dene Mulder (1992: xi) ngandharaken ngengingi *pandangan dunia* mekaten:

A world view comes much closer to being a reflection of social life; it may be understood as the conceptual model that members have of their society at a given moment in time. It is a conclusion from experience, a shared system of rationalization and interpretation of the order of social existence. In this way a world view is a set of ideas about the practical order of life in this world that contains a theory of social relationships and the relation between individual and society.

Inkang dipunandharaken dening Mulder inggih menika bilih *pandangan dunia* caket maknanipun kaliyan refleksi pagesangan sosial. *Pandangan dunia* menika minangka model konseptual wonten ing masarakat, dudutan saking pengalaman, saha interpretasi tumrap tatanan kawontenan sosial. Utawi saged kapendhet dudutan bilih *pandangan dunia* menika minangka kempalaning idhe ngengingi tatanan pagesangan ingkang ngemot sesambetan sosial inggih menika sesambetan minangka individu lan masyarakat.

Sunanda (2015:123) wonten ing panalitenipun manggihaken bilih *dunia sosial* pengarang saha masarakatipun saged mangaribawa tumrap *dunia sosial* karya sastra. Saha sistem sosial-politik ingkang wonten ing sakupengipun pengarang minangka realitas dunia sosial-politik ingkang dipunalami menika nemtokaken nilai-nilai dunia sosial-politik ing salebeting karya sastra. Saking pamanggih menika ateges menapa ingkang kedadosan ing pagesangan sosial pengarang utawi kelompok sosial tartamtu, kalebet kawontenan politik ing nagari

saged ugi minangka dhasar utawi idhe tumrap pandameling karya sastra. Bab menika limrah bilih pamawas utawi pamanggih saking pengarang sumberipun saking fakta sosial utawi kasunyatan ingkang kedadosan ing donyaning pengarang, amargi pengarang menika minangka perangan saking masarakat utawi kelompok sosialipun.

Pamawas gesang menika paring piwulang tumrap masarakat kanthi wontenipun sesambetan ingkang prayogi antawisipun individu kaliyan dhiri pribadi, kaliyan tiyang sanes, saha kaliyan alam semesta menapadene Gusti supados manungsa menika kebak katentreman ing gesangipun. Miturut Siswanto (2010: 208-209) kangge nggayuh katentreman menika manungsa kedah gadhah sikep “narima, sabar, eling lan waspada, mawas dhiri, andhap asor saha prasaja. Gesangipun manungsa ingkang tansah kebak ing pangajeng-ajeng tumrap kasaenan menika ugi kedah selaras, boten namung matrapaken sikep gesang kados ingkang sampun kaandharaken menika, nanging ugi kedah nggatosaken etika, tata krama, utawi kaidah kangge ngereh gesang kita sesambetanipun kaliyan tiyang sanes wonten ing salebeting masarakat utawi kelompok sosial tartamtu.

Kajawi menika tumrap tiyang Jawi kanthi mawas donya gadhah piguna minangka sarana ngusada supados kasil anggenipun ngadhepi prekawis-prekawis ing gesang. Kangge ngukur maknanipun pamawas donya tumrap tiyang Jawi inggih menika nilai-nilai gesang wonten ing kahanan tartamtu, inggih menika *ketenangan*, katentreman, saha *keseimbangan batin* (Suseno, 2001: 82). Pramila sedaya ingkang dipunpitados tiyang Jawi badhe dados leres menawi saged

mbyantu tiyang menika nggayuh kawontenan ingkang tentrem ing batosipun. Pamawas donya tumrap tiyang Jawi badhe tansah katampi menawi unsur-unsuripun nggambaraken pengalaman-pengalaman ingkang tansah nyawiji kanthi sae, menawi sedaya unsur ingkang nyengkuyung menika gayut utawi trep setunggal kaliyan sanesipun ingkang ndadosaken sirnanipun *ketegangan* ing batos.

Pamawas donya (*pandangan dunia*) Jawi ingkang prelu dipungatosaken bilih titikanipun pamawas menika tanpa watesan ingkang pesthi, namung minangka *penghayatan* ingkang wonten ing sedaya lapisan masarakat kanthi wujud ingkang beda-beda. Inggang pesthi sedaya unsuripun tansah gegayutan satunggal kaliyan sanesipun. Prekawis menika beda kaliyan Geertz (wonten ing Suseno, 2001: 83) ingkang matesi pamawas donya Jawi menika minangka agama Jawi (abangan, santri, priyayi) adhedhasar lapisan masarakat.

Dene Suseno (2001:83) piyambak mbedakaken wonten sekawan titik utawi lingkaran ingkang gadhahi makna wonten ing “*pandangan dunia*” Jawi. Inggang sepisan, wosipun sikep dhateng “dunia luar” ingkang dipunalami minangka kesatuan numinus alam, masarakat saha alam adikodrati, ingkang kaleksanakaken wonten ing *ritus* tanpa wontenipun refleksi ing batos, saha wujud ingkang mekaten langkung kathah ing desa saha ing masarakat ingkang dereng tepang sastra. Inggang sepisan menika dipunsebat “agami abangan” menawi miturut Geertz. lingkaran ingkang kaping kalih, ngewrat *penghayatan* panguwaosing politik minangka ungkapan alam numinus, ingkang taksih

mangaribawani, sanajan menawi dening Geertz prekawis menika boten dipuntengenaken piyambak.

Salajengipun ingkang kaping tiga, lingkaran ingkang pusatipun pengalaman ingkang pribadi minangka dalan kangge nyawiji kaliyan ingkang numinus. Prekawis menika ingkang dipunsebat dening Geertz minangka agama priyayi. Wujud menika puncakipun kangge nggayuh pengalaman mistik. Dene lingkaran ingkang kaping sekawan inggih menika kangge nemtokaken sedaya lingkungan pengalaman dening Ingkang Ilahi dening takdir.

Masyarakat Jawa ugi ngugemi piwulang luhur ngengingi ketuhanan, takdir lan ikhtiyar, mawas-dhiri, saha eling lan waspada (Kuntowijoyo, 1987: 42). Piwulang menika sumebar wonten ing masyarakat kawiwitan saking lingkungan kraton, wontenipun karya-karya sastra ingkang ngemot piwulang kasebat lajeng mlebet lan dipunugemi wonten ing kalangan masyarakat padesan. *Pandangan dunia* Jawa minangka satunggaling penghayatan tumrap masyarakat utawi manungsa, alam, saha adikodrati ingkang nyatunggil menika saged katitik kanthi wontenipun etika sosial masyarakat ingkang dipunugemi kangge kaslametaning manungsa.

Pandangan dunia tumrap tiyang Jawi dipunukur saking maknanipun kangge nggayuh katentreman, ketenangan batin saha kawontenan tartamtu ingkang dipunkarepaken. Pramila *pandangan dunia* kaliyan laku gesanging manungsa ing donya menika boten saged kapisahaken. *Pandangan dunia*, utawi pamawas tumrap gesang, sikep gesang, saha patraping gesang inggih menika

minangka rerangkening laku gesanging manungsa adhedhasar wontenipun kesadaran saking dhirinipun manungsa piyambak utawi kesadaran sejati.


D. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih panaliten kanthi irah-irahan “*Sosiology Vis and Ramin*” dening Farzane Yusef Ghanbari saha Saeed Zahiri. Panaliten menika kamot wonten ing *International Journal On New Trends In Education And Literature* edisi Agustus taun 2014. Panaliten menika kalebet analisis sosiologis tumrap puisi kuno “Vis dan Ramin” ingkang ngandharaken prekawis ingkang wigati bab kahanan politik, budaya, saha sosial saking sejarah kuno Iran. Gegayutan antawis daya saha struktur masarakat mbiyantu pemahaman lan interpretasi kajian menika. Awit mekaten kanthi strukturalisme genetik Goldmann saha kanthi ningali epistemologi sosial, panaliten kasebat gadhah ancas kangge ngandharaken *peran* mantra anggenipun ndhapuk *pengetahuan sosial* tiyang-tiyang kuno. Asiling panaliten nuduhaken bilih amargi kekiranganipun pemerintah pusat, saha sekularisme ing politik sarta *kebebasan berbicara* saha suka pamanggih, lajeng cerita romantis kadosta *Vis dan Ramin*, kanthi fokus dhateng karakter wanita, saged tuwuh.

Panaliten ingkang badhe katindakaken ing samangke ugi ngginakaken konsep *pandangan dunia* saking *strukturalisme genetik* Goldmann kangge ndhudhah prekawis sosial ingkang gayutipun kaliyan kesenjangan sosial tumrap “wong cilik” wonten ing salebeting geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra.

E. Nalaring Pikir

Karya sastra kaliyan masarakat tansah gadhah sesambetan *timbang balik* jumbuh kaliyan kepentinganipun. Karya sastra minangka wujud gagasan ingkang dipunandharaken dening pengarang minangka anggota masarakat (*subjek kolektif*), ateges salebeting karya sastra ngewrat ancasipun pengarang minangka individu ingkang dipundayani kawontenan ing masarakat. Satemah ingkang kaandharaken wonten ing salebeting karya sastra inggih gagasan ngengingi kawontenan pangesangan masarakat miturut pengarang karya sastra minangka peranganing masarakat sosial. Bab menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Lucien Goldmann ngengingi teori strukturalisme genetik ingkang ngrembag *pandangan dunia* kagambaraken ing bagan mekaten:



Gambar 1. Bagan konsep *pandangan dunia* L. Goldmann

Pengarang minangka anggota masarakat (*subjek kolektif*) gadhah ancas ngandharaken *pandangan dunia* saking pengarang nalika ngripta karya sastra kangge medharaken gagasanipun gegayutan kaliyan fakta sejarah utawi kahanan saking lingkungan sosial. Bab menika saged minangka sarana kontrol sosial masarakatipun jumbuh kaliyan fungsi karya sastra wonten ing masarakat. Mekaten ugi geguritan minangka salah satunggaling karya sastra ingkang taksih

ngrembaka ing satengahing masarakat, temtunipun taksih wonten fungsipun ing gesanging masarakat. In kang badhe dipuntliti inggih menika geguritan saking Antologi Geguritan Bledheg Segara Kidul anggitanipun Turiyo Ragilputra, samangke saged dipunmangretosi dhasaripun pengarang nglairaken geguritan ing kang nggambaraken gesangipun “wong cilik” ing kang wonten ing geguritan karyanipun Turiyo Ragilputra.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet jinis panaliten deskripsi analisis, tegesipun panaliten menika katindakaken kanthi ngandharaken fakta-fakta ingkang dipunlajengaken analisis (Ratna, 2004: 53). Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken sawijining perkawis kanthi *sistematis* saha *faktual* sarta kaandharaken menapa wontenipun. Panaliten menika migunakaken *pendekatan sosiologi karya sastra* kangge mangertos karya sastra gegayutanipun kaliyan perkawis-perkawis sosial wonten ing masarakat minangka dhasaring pendekatan kasebat. Panaliten menika ugi migunakaken konsep strukturalisme genetik Lucien Goldmann kangge ngandharaken pamanggihipun Turiyo Ragilputra minangka pengarang tumrap “wong cilik” ingkang kagambaraken wonten ing geguritanipun.

B. Data saha Sumber Data

Panaliten menika ngginakaken korpus data awujud tembung, frase, larik, menapadene pada saking geguritan ingkang ngandharaken pamanggihipun pengarang tumrap “wong cilik” ingkang kagambaraken wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra. Sumber datanipun inggih menika Antologi Geguritan Bledheg Segara Kidul anggitanipun Turiyo Ragilputra. Data kapendhet saking kempalan geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra ingkang kaanggit

salebeting satunggal dasawarsa inggih menika taun 1990 dumugi taun 1999. Pamundhuting data menika dipunwatesi utawi dipunpilih mekaten amargi ing antawis taun-taun menika bilih nitipriksa sejarahipun, wekdal menika negara Indonesia sampun nglampahi kamardikan nanging masarakat Indonesia taksih ngalami *dinamika* gesang inggih menika ing era reformasi. Wekdal menika kathah perkawis ingkang kedadosan gayut kaliyan kawontenan sosial, ekonomi, politik menapadene budaya. Dene kawontenan menika saged mangaribawa pengarang anggenipun ngripta geguritan.

C. Cara Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika kanthi cara maos saha nyerat. Teknik menika nedahaken panaliti maos sumber data kanthi premati, kanthi nggatosaken peranganing sumber data ingkang jumbuh kaliyan ancasing panaliten. Salajengipun, perangan ingkang jumbuh menika dipunsukani tandha supados gampang menawi dipunpantha-pantha. Perangan menika minangka data lajeng dipunserat wonten ing kertu analisis data.

Panaliten menika nedahaken panaliti kangge nindakaken sawetawis tindakan kangge ngempalaken data, inggih menika kanthi cara:

1. Maos geguritan ingkang dados sumber data inggih menika Antologi Geguritan Bledheg Segara Kidul, kangge madosi data ingkang jumbuh kaliyan wosing panaliten.
2. Data ingkang awujud tetembungan, menapadene ukara ingkang wonten ing salebeting geguritan menika dipunsukani tandha tartamtu kangge nedahaken

data ingkang kalebet *pandangan dunia* “wong cilik” ingkang kagambaraken wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra.

3. Salajengipun, data menika dipunserat wonten ing kertu analisis data.

D. Pirantining Panaliten

Wonten ing panaliten menika, panaliti minangka instrumen utama tumindak madosi data ingkang mujudaken bab *pandangan dunia* “wong cilik” ingkang kagambaraken wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra. Pramila nalika nлити geguritan, panaliti kedah dipunbiyantu migunakaken piranti inggih menika kertu analisis data. Wujudipun kertu data inggih menika:

1. Kertu data ingkang mujudaken *pandangan dunia* “wong cilik” ingkang kagambaraken wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra

Tabel 1. Wujud kertu data panaliten

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan

E. Cara Ngesahaken Data

Data dipunsahaken kanthi cara validitas saha reliabilitas. Uji validitas migunakaken validitas semantis, ateges data-data menika dipuntingali adhedhasar konteks sumber data. Kangge uji reliabilitas data ing panaliten menika ngginakaken reliabilitas intrarater inggih menika kanthi cara maos saha nлити data ngantos makaping-kaping, lajeng dipuncathet supados pikantuk data ingkang ajeg

(konsisten) saha reliabilitas interrater inggih menika kanthi nindakaken pirembagan kaliyan tiyang ingkang sampun *ahli* ing bab panaliten sosiologi sastra.

F. Cara Nganalisis Data

Analisis data dhasaripun inggih menika proses pemaknaan, tegesipun wonten ing analisis menika panaliti kedah ngrembag langkung lebet asiling panaliten jumbuh kaliyan teori ingkang dipunginakaken. Caranipun analisis data ingkang dipunginakaken gumantung perspektif ingkang dipunpilih, sarta teori ingkang dipunginakaken (Endraswara, 2011: 111). Caranipun nganalisis data wonten ing panaliten menika kanthi cara deskriptif migunakaken *pendekatan sosiologi sastra*. Tata caranipun analisis inggih menika:

1. Terapan teori

Teori ingkang wonten ing referensi dipuncakaken kangge manggihaken data ingkang badhe dipunkempalaken. Teori ingkang dipun-ginakaken inggih menika teori sosiologi karya sastra, strukturalisme genetik Lucien Goldmann saha *pandangan dunia* Jawa.

2. Kategorisasi

Data ingkang sampun dipunkempalaken kapantha-pantha miturut ancas panaliten inggih menika madosi *pandangan dunia* pengarang tumrap ‘wong cilik’ ingkang kagambaraken wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra.

3. Tabulasi utawi penabelan data

Data ingkang dipunkempalaken lajeng dipunserat wonten ing kertu analisis data ingkang awujud tabel.

4. Analisis data

Data ingkang sampun kaserat ing kertu data lajeng dipunanalisis kanthi cara deskriptif.

5. Inferensi

Inferensi inggih menika mendhet dudutan saking asiling analisis.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Wonten ing perangan menika dipunandharaken asiling panaliten ingkang migunakaken pendekatan sosiologi sastra mliginipun ngengingi *pandangan dunia* saking pengarang. Bab ingkang dipunrembag dipunjumbuhaken kaliyan ancasing panaliten. Panaliten ingkang katindakaken menika ngengingi wujud gambaran donyaning ‘wong cilik’ ingkang kaandharaken dening pengarang ing salebeting geguritan karyanipun.

Geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra ingkang kapendhet minangka subjek panaliten menika kathahipun njunjung tema bab perkawis sosial menapadene ekonomi saha nasionalisme. Jumbuh kaliyan panalitenipun Satiyoko (2012: 240) bilih adhedhasar panalitenipun menika Turiyo langkung kathah nggambaraken latar sosial budaya kanthi nyata, saha boten kathah anggenipun ngginakaken pralambang. Guritan-guritan Turiyo langkung condhong ngungkapaken kapriatinan dhateng kawontenan sosial.

Wonten cathetan sejarah, ing dasawarsa 90-an kathah prastawa ing nagari inggih menika wontenipun program pembangunan ekonomi nasional, wontenipun kebijakan pamarentah ingkang ndadosaken masarakat mliginipun ‘wong cilik’ menika kasisih. Perkawis menika kalajengaken wontenipun ewah-ewahaning jaman, inggih menika wontenipun era reformasi ing taun 1998. Mliginipun ing kutha Kebumen, kutha papan panggenanipun Turiyo, wonten pribumi prastawa

ageng inggih menika kerusuhan amargi konflik sosial antawisipun pribumi saha etnik Tionghoa. Bab menika ndadosaken kutha Kebumen ngalami krisis ekonomi. Perkawis menika temtu mangaribawa tumrap pengarang nalika ngripta geguritan kalebet Turiyo, mliginipun anggenipun mawas donyaning ‘wong cilik’ ing salebeting geguritanipun.

Wujud gambaran donyaning ‘wong cilik’ ingkang kawawas dening pengarang wonten ing geguritanipun inggih menika :

Tabel 2. Wujud Pandangan Dunia Pengarang tumrap ‘Wong Cilik’

No.	Pamanggihipun Pengarang tumrap “wong cilik”	Irah-irahan Geguritan	Indikator
1.	Sikep Mawas Dhiri	Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega	-Mardika -Mardika ateges urip, urip ateges mbangun, mbangun ateges makmur -Ngimpi mangan wareg turu taneg -Penyair tan duwe wewenang apa-apa
		Kidung Kamardikan	-Waspadakna -kudu netesake eluh kanggo ngucap merdeka
		Guritan Bocah- Bocah kang Ilang	-Nanging aku bisa tumindak apa?
		Ironi Kamardikan	-Pembangunan adalah tanggungjawab bersama -Nanging apa nate dipikir lan dirasa?
2	Gesang Narima (Narima ing Pandum)	Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega	-Bocah ndesa trima mangan gaplek garing
		Guritan Bocah- Bocah kang Ilang	-lumaku tekan biting garing -nyiram tanduran nganggo tetesan eluh.

No.	Pamanggihipun Pengarang tumrap “wong cilik”	Irah-irahan Geguritan	Indikator
		Intermezo Kabagyan	-linandhesan manah luhur tulus suci pasrah ing panarima -kepeksa dai tumbal pembangunan
3	Eling lan Waspada	Kidung Kamardikan	-Nanging pratandha apa iki? -Ya iki pemut
		Donga Bocah Piatu	-Gusti durung kober dakrukti jisime ibu -Gusti, wis dakgawa kabeh sanggan panandhang
4	Pasrah lan Sumarah	Merga Dakpilih dheweke	-dudu tangise, nanging panampane marang takdir -sumarahe marang nasib
		Intermezo Kabagyan	-batine pasrah nampa garitan takdir
5	Ikhtiyar	Guritan Bocah-Bocah kang Ilang	-ngadheng nganggo sasisih sikil sing ketaton -mripat iki suthik merem ndulu kaelokaning jagad -guritku panggah njerit
		Intermezo Kabagyan	-panggah lumaku turut dalan, udan-panas ketiga-rendheng ora dipikir
		Kanca Lawas	-nggoleki rodha ekonomi sing mrucut saka porose -labuh marang negara
6	Kebak ing Pangajeng-ajeng	Aku Nglukis ing Sayuta Langit	-mata nangis, tangan nyadhong -kadang-kadangku sing ora nate bosen nyawang lukisan
		Kali Luk Ula	-sumbering pangupajiwa -rakyat gumantung marang iline
		Kebumen	-kapan bakal daksasak alang-alang -gogrog uga pangarep-arep ing pange kalbu
		Ironi Kamardikan	-timbulna saka guwagarbamu jiwa-jiwa sing tulus suci

B. Pirembagan

Asil saking panaliten ingkang sampun kaandharaken ing nginggil salajengipun dipunrembag ing bab menika. Perangan ingkang badhe dipunrembag inggih menika bab *pandangan dunia* saking pengarang tumrap “wong cilik” wonten ing karya geguritan Turiyo Ragilputra ingkang gayut kaliyan kawontenan masarakatipun. Geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra menika saestu nggambaraken lan jumbuh kaliyan kawontenan masarakatipun ing wekdal geguritan menika karipta. Lumantar karyanipun, sae ingkang wujud geguritan menapadene cerkak, Turiyo tansah nggambaraken paraga ingkang katindhes mliginipun masarakat alit utawi ‘wong cilik’. Inkang dipunsebat golonganing ‘wong cilik’ wonten ing geguritanipun Turiyo Ragilputra menika masarakat padesan utawi pesisir, pinggiran kutha ingkang panggaotanipun minangka among tani, buruh, tiyang dagang, bocah angon, menapadene bocah lola ingkang gesang kacingkrangan.

Geguritan karya-karyanipun Turiyo Ragilputra, kathah ingkang langkung condhong nggambaraken gesanging manungsa ingkang katindhes (Widati, 2001: 88). Geguritan anggitanipun Turiyo ingkang wonten ing panaliten menika karipta antawis taun 1990 ngantos 1999, ateges setunggal dasawarsa. Menawi dipun gayutaken kaliyan kawontenan ing Kebumen wekdal semanten saweg ngalami pembangunan, sae ing bab infrastruktur menapa dene ekonomi. Kawontenan mekaten namung saged dipuntingali ing kutha, beda malih kawontenan ing dhusun menapa malih ing pesisir, kados ing papanipun Turiyo menika. Bab menika jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunraosaken Turiyo ingkang kababar

ing karya-karya geguritanipun ingkang nggambaraken gesanging masarakat sakupengipun mliginipun ‘wong cilik’.

Geguritan anggitanipun Turiyo ‘Ragilputra menawi dipuntingali langkung lebet saking wosipun menika saestu nggambaraken sikep gesang masarakat Jawi umumipun lan mliginipun saking ‘wong cilik’ minangka satunggaling golongan masarakat, ingkang kawujud saking wontenipun kelas sosial. Wonten ing geguritan kasebut pengarang inggih menika Turiyo, minangka *subjek kolektif* ‘wong cilik’ awit kulawarganipun ing pagesangan sosial ugi minangka among tani, kalebet ‘wong cilik’. Sanesipun menika, geguritan kasebut ngemot piwulang luhur tumrap masarakat, ugi minangka *pandangan dunia* saking pengarang.

‘Wong cilik’ ingkang kagambaraken ing salebeting geguritan karyanipun Turiyo menika inggih masarakat ing dhaerah pesisir mliginipun ing wewengkon Ambal. Satiyoko (2019:95) ngandharaken wonten ing seratanipun bilih nalika pengarang nyerat ngengingi pamawas donyanipun, seratan kasebut dipundhasari dening pengalaman ingkang saestu sampun dipunalami, boten adhedhasar saking kajian pustaka (*library research*). Andharan kasebut nelakaken wigatinipun peran kesadaran individu (pengarang) kangge ndherek srawung nyatunggil kaliyan masarakat ing papanipun. Kanthi kesadaran, pengalaman saking dhiri pribadi menika boten asipat keleresan nanging saestu dipunkarepaken supados saged dipunmangertos. Inggih wigati, Turiyo minangka pengarang ugi mapanaken dhirinipun minangka ‘wong cilik’. Satemah menapa ingkang dipunandharaken wonten ing geguritanipun menika ugi perkawis ingkang dipunraosaken dening Turiyo pribadi minangka masarakat.

***Pandangan dunia* Pengarang tumrap ‘Wong Cilik’**

Salajengipun, wonten ing pirembagan menika dipunandharaken ingkang dados *pandangan dunia* pengarang dhumateng “wong cilik” inggih menika katitik saking sikep gesangipun minangka masarakat Jawi, ing antawisipun inggih menika:

1. Mawas Dhiri

Salah satunggaling sikep gesang ingkang tansah dipunugemi dening masarakat Jawi inggih menika mawas dhiri. Wujud saking sikep mawas dhiri inggih menika ningali langkung lebet dhateng dhiri pribadi ngengingi raosing batos kajumbuhaken kaliyan tumindak ingkang sampun kalampahan. Mawas dhiri dipunwiwiti kanthi nitipriksa raos bungah menapadene raos sisahipun dhiri pribadi, inggih menika raosipun tiyang gayutanipun kaliyan samubarang, gagasan, menapadene raos ingkang gegayutan kaliyan tiyang sanes. Kanthi mawas dhiri ateges tiyang menika tumindak jujur dhateng dhirinipun piyambak (Susetya, 2016: 165).

Mawas dhiri miturut andharanipun Sumarsono (2017:48) inggih menika satunggaling sikep ingkang wigati, amargi saged ndadosaken tiyang menika mangertosi dhirinipun minangka titah ingkang kathah kalepatan saha kekiranganipun. Pramila kanthi ngrumaosi lan ngakeni kawontenan dhirinipun pribadi temtu menika boten badhe damel tiyang menika gumedhe, nanging sawalikipun tiyang menika dados saged ndadosi tumindak lan sikepipun dados langkung sae, menapa malih menawi ngantos saged ngapunteni kalepataning liyan.

Sikep mawas dhiri menika ugi dados *pandangan dunia* saking pengarang Turiyo Ragilputra wonten ing geguritanipun. Kados wonten ing geguritan ingkang irah-irahanipun “Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Segi”. Geguritan menika karipta taun 1990 temanipun bab pangesangan sosial mliginipun gesanging masarakat padesan. Pethikan geguritanipun mekaten:

*Ah...apa sing dinama
 “Merdeka!” Ya, kita wis suwe mardika. Bisa nebah dhadha
 pamer kamakmuran. Gumuyu ngakak nembang kaelokan.
 Ya, gagah kaya pahlawan sing nyangking mustaka satru.
 Manggul bambu runcing maju aprang tandhing
 “Jepang nglumpruk.” Hiroshima...Nagasaki
 Blarr! ajur saperangan jagad
 Negara vakum, kahanan komplang, paprentahan suwung
 “Horeee... kita merdeka.”
 “Merdeka!”*

Saking pethikan geguritan menika saged dipunmangertos bilih minangka warga negara kita kedah nggadhahi raos *nasionalisme* rumaos bombong awit gadhah lan manggen wonten ing negara kanthi lemah ingkang subur, langkung malih negara kita sampun dipunakeni, wiwit taun 1945 saged uwal saking penjajah sarta dipunsebat negara mardika. Awit saking menika pengarang ngajak kita supados mawas dhiri, sampun saged pikantuk kamardikan, kedahipun ugi saged njagi warisan leluhur menika kanthi ngopeni lan ngolah lemah menika, saged kangge tetanen lan sanesipun, ingkang ndadosaken gesang kita menika ugi reja lan makmur.

Masarakat gesang wonten ing lingkunganipun minangka warga negara. Warga negara menika boten namung minangka individu nanging ugi minangka kelompok sosial. Pramila wonten ing gesangipun ugi boten saged menawi sedayanipun dipunlampahi piyambak utawi sakarepipun piyambak. Gesang

minangka kelompok sosial menika wonten tatananipun, kedah wonten ingkang ngatur, dene sanesipun ugi kedah purun dipunatur. Bab menika kedah dipunlampahi supados gesangipun masarakat saged lumampah kanthi sae saha teratur, saha nuwuhaken katentreman ing batos menawi sedaya tiyang menika gesang manut tatanan. Awit jumbuh kaliyan unen-unen ‘desa mawa cara negara mawa tata’, ingkang ateges saben papan menika gadhah aturan, ukum, menapadene adat tartamtu, pramila minangka masarakat, ugi warganing nagari gesang ing satengahing bebrayan agung kedah saged ndherek lan nglampahi menapa ingkang dados cara utawi tatananipun.

Saben tiyang ingkang dados warga negara kedah manut kaliyan sistem peprentahan ugi sedaya tatanan ingkang lumampah ing negara menika. Minangka warga negara ugi kedah gadhah raos nasionalisme. Tegesipun tiyang menika kedah gadhah raos tresna dhateng bangsa lan negara. Tresnanipun saged kawujud kanthi maneka cara utawi tumindak, tuladhanipun bela negara, nyengkuyung program pamarentah, manut tatanan utawi peraturan ingkang wonten, njagi katentremaning tanah air, lan sapanunggalanipun.

Taksih wonten ing setunggal geguritan ingkang sami, Turiyo ugi ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken minangka ‘wong cilik’ ing jaman ingkang sampun mardika. Dene pethikanipun geguritan mekaten:

*Mardika ateges urip
 Urip ateges mbangun
 Mbangun ateges makmur
 Makmur ateges ... “Oh...Gusti. Aku saanak bojo lagi
 bisa ngimpi mangan wareg turu taneg.
 Aku durung bisa nembang kamakmuran. Aku durung bisa ngidung
 keadilan.
 Aku durung bisa ...”*

Saking pethikan geguritan menika pengarang ngrumaosi kahanan dhirinipun ing jaman mardika. Umumipun menawi sampun wonten ing kahanan ingkang mardika menika saged dipunwastani sampun gesang, ateges saged ngraosaken sekeca, saged tumindak menapa kemawon. Ing kahanan ingkang mekaten, negara saged nindakaken pembangunan kanthi ancas tumuju dhateng kemakmuran. Temtunipun kemakmuran ingkang dados ancasing nagari menika kemakmuran kangge sedaya masarakatipun.

Geguritan menika jumbuh kaliyan unen-unen Jawi ‘sabaya pati, sabaya mukti’ ingkang tegesipun semangat utawi greget kangge gesang sesarengan ing sadhengah kawontenan, umpaminipun njagi kerukunan ngantos dumugi patinipun.. Nanging kasunyatan, ingkang dipunandharaken dening pengarang menika boten jumbuh kaliyan kahanan samesthinipun.

Pengarang wonten ing ngriki paring pepeling menawi kita menika pancen sampun dangu anggenipun ngalami prastawa kamardikan. Ananging wonten ing ngriki ugi kedah dipuntingali langkung lebet menapa sejatosipun ingkang kawastanan negara mardika. Indhonesia sampun mardika saking penjajahan Belanda menapadene Jepang, awit saking menika pantes menawi sedaya saged surak-surak, pamarentah, kalangan elit, priyayi, menapadene ‘wong cilik’, sedaya ingkang dados warga negara temtu ngraosaken bungah ing wekdal semanten.

Menawi nitipriksa kahanan ing jaman samenika, sampun ngalami kathah ewah-ewahan, kathah prekawis ingkang kedadosan saking sektor ekonomi, sosial, budaya, sistem peprentahan, lan sanesipun ingkang njalari ewah tatananing gesang. Mekaten ugi kawontenan ing masarakat kanthi wontenipun

kesenjangan sosial, ndadosaken tuwuhipun tingkatan kelompok sosial ing salebeting masarakat. Ingkang saestu katingal inggih menika wontenipun wong pangkat utawi wong gedhe, ingkang gadhah panguwaos utawi wenang ing negara, saha ‘wong cilik’ ingkang namung saderma nglampahi lan ngupiya kangge gesangipun.

Gesang ing negari Indhonesia ing jaman mardika, nalika negara Indhonesia lajeng ngawontenaken pembangunan, mliginipun nalika wekdal peprentahanipun Suharto, pembangunan katindakaken ing pundi-pundi papan, utaminipun pembangunan *infrastruktur* ingkang kedahipun damel gesang sekeca masarakatipun, nanging dereng sedaya masarakat ngraosaken kemakmuran menika. Kados ingkang dipunandharaken dening pengarang ing geguritanipun, minangka wakil saking kelompok sosialipun, inggih minangka warga masarakat ing pesisir, ingkang tebih saking kutha, ingkang saged kagolongaken minangka ‘wong cilik’, ngrumangsani bilih kawontenan gesangipun ing jaman pembangunan dereng ngraosaken makmur. Kamangka kedahipun kemakmuran nagari inggih kemakmuran tumrap sedaya warganipun ing pundi-pundi papan, lan ing sedaya kawontenan.

Pengarang minangka warga negara, ingkang kalebet ‘wong cilik’, ngrumaosi kawontenanipun, tumindak mawas dhiri, bilih kamakmuran menika taksih awujud impen tumrap ‘wong cilik’. Minangka golonganing ‘wong cilik’, pengarang rumaos boten gadhah daya kangge luwar saking kasisahan ing gesangipun, ingkang karaosaken namung kebak panelangsa. Menapa malih ing wekdal semanten, pedamelan minangka pengarang utawi penyair kirang dipun

gatosaken. Bab menika ugi dipunandharaken dening pengarang ing geguritan “Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega” mekaten:

“Nanging penyair tan duwe wewenang apa-apa.”

.....

O, nelangsane nasib penyair. Urip mung saderma netepi jangkaning fitrah.

.....

*nanging apa sing bisa dikandha
nalika penyair kebanjiran penduwa lan pandakwa
ati nangis kanthi tetes eluh ludira, jangkah mandheg
mangu awit kesrampung, kesandhung
prasangka lan panyapa
: bokmenawa iki dina isih ana kawula sing durung bisa mangan sega
Ah, penyair
satriya wirang kabotan pamikir
urip kaperdi jroning kendharat
sugih puisi bandha mlarat!*

Pengarang wonten ing geguritan menika badhe ngandharaken bilih gesangipun minangka penyair, ugi rumaos dereng sekeca, awit pengarang utawi penyair menika ugi kalebet ‘wong cilik’. Pengarang temtunipun kepengin mbelani nasib saking golonganipun ‘wong cilik’, namung pengarang inggih menika Turiyo Ragilputra saestu rumaos mawas dhiri. Piyambakipun ugi ningali kawontenan dhirinipun minangka pengarang ingkang boten gadhah kekiyatan lan reka daya kangge tumindak menapa malih ingkang saged mindhakaken drajatipun ‘wong cilik’. Pramila sepisan malih Turiyo namung saged ngelingaken, paring pangajak dhateng kita sedaya, kanthi nitipriksa kawontenaning para ‘wong cilik’ ingkang tansah setya tuhu dhateng nagari sanajan kanthi nandhang kasisahan.

Wonten ing geguritan “Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega” ugi wonten pethikan mekaten:

*Ah, ya, kita pancen wis mardika
 nanging waspadakna
 bocah lanang sing nigas dalam kae
 sing mikul damen garing kae
 mripate, oh, mripate
 kudu netesake eluh kanggo ngucap
 : M...e...r...d...e...k...a...!
 Para among tani sing mikul pacul kae
 sing gupak lumut lan lendhut kae
 wetenge, oh, wetenge
 kudu kecet lawan geger kanggo ngucap
 : M...e...r...d...e...k...a...!
 Bocah lola sing ngumbara ing lurung-lurung kae
 sing tanpa juntrung upa jiwane kae
 badane, oh, badane
 kudu nglumpruk kanggo ngucap
 : M...e...r...d...e...k...a...!
 Ya Allah
 aling-alingana jantrane titah-titah sing kasisih
 sing tapak lan tilase ilang kasaput lebu
 bumi kinasih iki
 Sing ilang saka gumruhe surak :
 Merdeka!*

Saking pethikan geguritan ing nginggil Turiyo nggambaraken gesanging ‘wong cilik’, saking bocah angon, kadang tani, ngantos bocah lola, ingkang tansah mawas dhiri. ‘wong cilik’ ingkang dipunrembag menika ingkang dipunkarepaken inggih secara umum tiyang-tiyang utawi masarakat dhusun, masarakat pesisir, ingkang gesangipun tansah kesrakat. Sanajan gesangipun para kadang menika wonten ing kahanan ingkang sisah, nanging tetep ngrumaosi bilih para kadang menika minangka warganing masarakat, ingkang kedah manut tatanan ingkang lumampah sarta rumaos bombong dados rakyat Indhonesia.

Kados ingkang wonten ing geguritan menika minangka tuladha, inggih menika bocah lanang sing mikul damen, utawi tukang pados suket, among tani saha bocah ndalan. Panggurit nggambaraken kahananipun ‘wong cilik’ ing

karingkihanipun saged ndherek mangayubagya kamardikaning bangsa, ndherek ngraosaken bungahing kamardikan, sanajan badanipun menika lungkrah awit kedah *kerja keras* kangge nyekapi kabetahanipun. Gegambaran saking panggurit menika karaosaken sanget saking pamilihing tembung kangge ‘wong cilik’ ingkang dipunsebat minangka titah-titah ingkang kasisih. ‘wong cilik’ ing ngriki kados sampun dados kalungguhan utawi tetapan minangka titah, kamangka minangka titah sajatosipun sedaya manungsa menika kalungguhanipun sami ing ngarsanipun Gusti. Namung amargi kawontenan ingkang kasandhang ingkang meksa tiyang menika dados kalebet ing golonganing ‘wong cilik’.

Pengarang minangka peranganing kelompok sosial tartamtu ugi saged ngandharaken raosipun jumbuh kaliyan menapa dipunraosaken dening dhiri pribadi . Perkawis menika ugi kaserat wonten ing pethikan geguritan ingkang irah-irahanipun “Guritan Bocah-Bocah Kang Ilang” ing ngandhap menika:

*Nanging aku bisa tumindak apa?
Tanganku buntung, sikilku ketlikung, sirahku katelung
Aku mung bisa njerit nganggo suwara batin
Ah, pratandha apa iki?
Ana udan tumurun saka langit
Umob lan panas!
Nanging aku ora bisa tumindak apa-apa
Guritku mung bisa ambrol saka lembaran grahita
Lan musna kagulung samodra*

Pengarang wonten ing ngriki boten saged tumindak kathah, namung saged ngupiya kanthi seratanipun, kanthi karyanipun kangge mbikak fakta ingkang kedadosan ing satengahing masarakatipun. Wontenipun kebijakan-kebijakan ngengingi gesang sosial, politik lan budaya ingkang tansah ewah, sanajan boten secara langsung mangaribawa tumrap pengarang, nanging kawontenan menika

saged nuwuhaken perkawis ing satengahing masarakat. Ing satengahing *dinamika* saha proses ewah-ewahan (politik, sosial, budaya) menika, boten namung mangaribawa utawi nggayutaken, nanging karya-karya sastra ugi ngrekam kawontenan menika. Awit *dinamika* saha proses ewah-ewahan ingkang wonten menika nuwuhaken maneka prekawis (sosial, budaya, politik, ekonomi, kemanusiaan, lan sanesipun). Bab menika ingkang salajengipun dados pamawas tumrap pengarang ing salebeting karyanipun.

Pramila, gayutan kaliyan bab menika, Turiyo Ragilputra minangka pengarang lan ugi minangka peranganing masarakat mliginipun ‘wong cilik’, piyambakipun tansah ngrumaosi kahanan dhirinipun, tansah mawas dhiri supados saged nggayuh gesang ingkang kebak katentreman lan kabagyan. Sanesipun menika sikep mawas dhiri ugi kagambaraken ing geguritanipun Turiyo ingkang irah-irahanipun “Ironi Kamardikan”. Saking irah-irahanipun kacetha wosipun ingkang gayut kaliyan kamardikaning bangsa Indhonesia ingkang kedahipun dipunraosaken dening sedaya masarakat, nanging kawontenan ingkang lumampah dereng jumbuh kaliyan pangajeng-ajenging masarakat, mliginipun tumrap ‘wong cilik’. Wonten ing geguritan kasebut, pengarang gadhah ancas tumrap geguritanipun sageda dipundadosaken minangka pemuat kangge sedaya tiyang ngengingi kawontenaning bangsa ing jaman samenika. Geguritan kasebut ugi ngandhut *pandangan dunia* tumrap ‘wong cilik’ ingkang kagambaraken wonten ing geguritan kanthi irah-irahan “Ironi Kamardikan” ingkang mekaten:

Ora liya sesorah ing dina pengetan

.....

Bangsa iki pancen wis suwe merdika

Uwal saka penjajahan ucul saka cengkremen kasangsaran

*Nanging apa nate dipikir lan dirasa
 Pangurbanan iku sejatine mung dadi sumber crita

 Bangsa iki pancen wis suwe mardika
 Uwal saka rante penjajahan
 Urip jroning jaman pembangunan
 Nanging apa nate dicathet lan dietung
 Dina-dina terus bae kebak papa lan cintraka
 Keperihan lan kawengisan terus bae disandang para kawula?
*

Pengarang wonten ing geguritan menika ngajak-ajak dhateng kita sami supados menggalih lan ngraosaken malih, sejatosipun menapa makna kamardikan tumrap bangsa. Kahanan bangsa Indhonesia wekdal semanten nalika wontenipun penjajahan pancen ndadosaken rakyat menika sisah. Kathah tiyang ingkang saestu ngurbanaken jiwa lan badanipun supados saged uwal saking rehipun para penjajah, mbelani nagari, lan njagi wutuhing bangsa. Nanging kasunyatanipun sasampunipun mardika uwal saking penjajah lan bangsa menika wiwit ngrembaka kanthi wontenipun pembangunan, kahananipun rakyat Indhonesia boten kathah ewahipun, mliginipun tumrap 'wong cilik'. Pembangunan ingkang boten wrata antawisipun dhaerah kutha lan padesan, menapa malih dhaerah pinggiran kadosdene pesisir, nuwuhaken perkawis *kesenjangan sosial* ing satengahing masarakat. Kejawi menika perkawis sanes lajeng tuwuh boten namung ing bab perkawis sosial nanging ugi perkawis ekonomi lan sanesipun ing kang ndamel rakyat ingkang sampun kasisih menika tansah ngraosaken sisah.

Menawi ningali kawontenan ing kasunyatanipun, Indhonesia wekdal taun 90-an nalika dipunpimpin dening Presidhen Soeharto ngalami ewah-ewahan ageng, program pembangunan infrastruktur, lan pembangunan ekonomi dipununggulaken, malah ingkang katilar pembangunan karakter ingkang

sajatosipun wigati sanget. Kasil anggenipun mbangun menika boten dipunimbangi kaliyan pembangunan karakter bangsa, mila samenika njalari semangat materialisme ingkang salajengipun nuwuhaken kathah perkawis krisis ing Indhonesia. Bab menika ingkang salajengipun ndadosaken rakyat Indhonesia, mliginipun ingkang dipunraosaken dening ‘wong cilik’ tetep ing kahanan ingkang sisah sanajan sampun ing jaman mardika.

2. Gesang Nrima (Narima ing Pandum)

Masyarakat Jawi wonten ing padintenanipun tansah ngugemi laku gesang ingkang tumuju dhateng ing kabagyan ingkang sejati. Salah satunggaling laku inggih menika sikep nrima, utawi wonten ing unen-unen “narima ing pandum”. Sikep gesang nrima miturut Sumarsono inggih menika nampi sedaya peparingipun Gusti ing gesang kita kanthi pitados bilih menapa kemawon, bingah utawi sisah, angel utawi gampang, menika ingkang dipunkersakaken Gusti, menika ingkang sae tumrap dhiri kita (2017 :67).

Dene miturut Endraswara (2010:43) nrima ateges rumaos marem kaliyan menapa ingkang dipunsandhang, boten mbalela, nanging malah saged ngucap sukur lan pamaturnuwun. Saking pangretosan menika wigatinipun gesang kanthi sikep nrima menika perkawis ingkang sajatosipun gampil, nanging kadhangkala awrat tumrap ingkang nglampahi. pengarang geguritan Turiyo Ragilputra ugi gadhah pamawas ngengingi sikep narima ing pandum, ingkang kaserat ing geguritanipun kanthi irah-irahan “Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega” ingkang mekaten pethikanipun:

*Ya, tanpa kaca paesan kita bisa ndulu kasunyatan
 asu herdher pakanane daging
 bocah ndesa trima mangan gaplek garing
 o, jagad
 akeh pejabat dadi laknat
 ah, tobat
 kadang pesisir urip kesrakat*

Wonten ing pethikan geguritan menika, bocah ndesa minangka gambaran ‘wong cilik’ ingkang dipunsebataken nedhanipun gaplek garing. Gaplek menika oncekan tela ingkang dipunpepe ngantos garing, minangka bahan pangan mentah ingkang saged dipun giling dados glepung nembe saged dipunolah dados thiwul, utawi kangge bahan campuran dipundamel tetedhan. Menika negesaken bilih sanget sisahipun ‘wong cilik’ ngantos-ngantos nedha bahan pangan mentah, dene ingkang limrah tiyang menika nedha tetedhan ingkang sampun mateng utawi sampun dipun olah. Menapa malih ingkang kangge mbandhingaken menika kewan segawon, ingkang sajatosipun saged nedha menapa kemawon, malah saged ugi turahan tetedhanipun manungsa. Ing pranyatanipun malah kewan segawon menika ingkang tetedhanipun langkung eca tinimbang tetedhanipun bocah ndesa.

Saking gegambaran bab tetedhan menika, pengarang inggih menika Turiyo cetha sanget anggenipun nggambaraken kahanan ingkang jomplang tumrapipun ‘wong cilik’. Kahanan ekonomi ingkang tansah kekirangan, boten nate saged nyekapi kabetahan gesang, kangge nyekapi kabetahan pangan kemawon sisah, saestu ‘wong cilik’ menika gesang kesrakat, menapa malih menawi badhe dipunbandhingaken kaliyan pangedhe-pangedhening nagari ingkang temtunipun gesangipun langkung mulya. Ananging sanajan

kawontenanipun mekaten boten lajeng ndadosaken ‘wong cilik’ menika lungkrah, menapa malih ngantos nyalahaken takdir. Minangka tiyang Jawi, ‘wong cilik’ taksih ngugemi lan ngupiya gesang ingkang sejati, gesang ingkang tansah manggih kabagyan. Pramila ‘wong cilik’ menika kanthi sikep narima ing pandum, nampi sedaya takdir ingkang tinitah, satemah tetep saged nglampahi gesangipun kanthi kebak raos sukur dhateng Gusti.

Sanesipun menika ugi kaandharaken dening pengarang ngengingi *pandangan dunia* tumrap ‘wong cilik’ wonten ing geguritan kanthi irah-irahan “*Guritan Bocah-Bocah kang Ilang*” ingkang mekaten pethikanipun:

*Kepengin aku crita marang George Bush ing Amerika
 Marang Michael Gorbachev ing Uni Soviet
 Lan Thosiki Kaifu ing Jepang
 Bab bocah lola sing lumaku tekenan biting garing
 Among tani sing nyiram tanduran nganggo tetesan eluh
 Utawa nini-nini sing akudhung caping godhong nangka garing
 Ah, kayangapa njomplang demokrasi iki sejatine
 Kayangapa garuhe langgam glasnot lan perestroika
 Kayangapa panase politik dumping ing teleng jantung
 Umep iki uteg
 Pengin crita prekara suket sing thukul sundhul langit
 Rontok iki rambut
 Lebur iki rasa
 Donya dadi jurang kasangsaran
 Upama aku duwe kanca ing Amerika
 Pengin crita prekara kacingkrangan umat ing Afrika
 Tinimbang nonton televisi sing nyiarake film koboy
 Upama aku duwe kanca ing Uni Soviet
 Tinimbang ndeleng gambar kembang-kembang sing alum
 Upama aku duwe sedulur ing Jepang
 Pengin crita prekara bocah lola ing emper toko
 Tinimbang gumuruhe lindhesan rodha-rodha ekonomi*

Wonten ing geguritan menika Turiyo minangka pengarang sanget anggenipun badhe ngungkapaken gesangipun ‘wong cilik’. Inggih sepisan inggih menika bocah lola, lare ingkang sampun boten gadhah bapa biyung, tegesipun lare menika ing gesangipun ngandelaken kekiyatanipun piyambak sinaosa boten sepintena, kagambaraken ing geguritan menika minangka biting garing. Sanajan ringkih, nanging piyambakipun nrima menapa ingkang kasandhang kanthi tetep lumaku, tetep nglampahi gesangipun minangka titahipun Gusti. Sanesipun menika, Turiyo ugi nggambaraken gesanging para among tani ingkang nyambut damel, ingkang nglampahi gesangipun kanthi kebak panarima sanajan kanthi tetesing eluh.

Wonten ing geguritanipun Turiyo ugi ngandharaken bab pagesangan sosial menapadene politik, wontenipun politik dumping ingkang wekdal menika kalampah ing Indhonesia. Politik dumping, inggih menika politik dagang ingkang netepaken regi mirah tumrap barang barang ingkang dipun*ekspor* dhateng luar negeri. Bab menika mbokmenawi ndadosaken para pengusaha saged ekspor barang kanthi cacah langkung kathah, nanging bab menika ugi ingkang dangu-dangu njalari gesangipun masarakat langkung kesrakat, awit boten saged nampi upah ingkang linangkung kangge *kesejahteraan* masarakat umumipun, saha masarakat alit mliginipun inggih menika para buruh golonganing ‘wong cilik’. Sedaya menika dipuntingali dening Turiyo ingkang lajeng kagugah manahipun kangge nyariyosaken menapa ingkang kedadosan ing nagari, lumantar geguritan menika piyambakipun ugi gadhah pepenginan supados nagari manca sanesipun mangertos kados menapa kahanan masarakat ing Indhonesia. Mliginipun kahananipun ‘wong cilik’ ingkang taksih ngalami kacingkrangan. Sanajan

mekaten golonganing ‘wong cilik’ tetep nglampahi gesangipun kanthi raos narima.

Perkawis menika ugi taksih dados pamawas tumrap Turiyo wonten ing geguritan kanthi irah-irahan “*Intermezo Kabagyan*”. Geguritan ingkang nggambaraken raos panarimahipun ‘wong cilik’ anggenipun nglampahi gesang tumuju dhateng kabagyan., ingkang mekaten pethikanipun:

*Sayektine kabagyan puniki
sanepane wewayangan angka
kaya langit lir-pamane
datan bisa tinepus
tansah musna yen diupadi
tur maneh yen dijangka
temtu tansah mrucut
kabagyan kudu dicipta
linandhesan manah luhur tulus suci
pasrah ing panarima
Jaman mbambung, jamane wong seneng nggemplung
watak duraka patrap culika bedhigasan pindha duratmaka
: sing gedhe dikudang-kudang
sing cilik malah ditendhang
gunung dhuwur diurugi
jurang cerung dikedhuki
O, wong gendheng ora enyeng
bisa leren yen dikampleng!
(pak ketipak-tipak tipung
pak ketipak-tipak tidhung
jamane nepsu diugung
dalam alus sikil kesandhung)*

Geguritan “*Intermezo Kabagyan*” menika paring gegambaran kadospundi ‘wong cilik’ menika tansah saged nglampahi gesang ingkang tansah narima. Miturut Turiyo, ing pamawasipun kanthi raos narima utawi tembungipun narima ing pandum, ateges narima menapa kemawon ingkang sampun katemtokaken dening

Gusti Allah, dene manungsa menika namung saderma nglampahi gesangipun. Awit wontenipun kabagyan menika dhiri kita piyambak ingkang nyipta kanthi wening ing manah, kanthi manah ingkang tulus, dene menapa ingkang dados momotan ing gesangipun boten karaosaken. Bab menika ugi kaandharaken wonten pethikan geguritan salajengipun ing ngandhap menika:

*Delengen wong-wong sing kepeksa dadi tumbal pembangunan kae
sing kudu kelangan kamardikan lan upa jiwane
urip ing negarane dhewe kudu sumingkir saka tanah kelairan
dadi rakyat pinggiran kanthi status warga bedholan
sadumuk bathuk aji dhiri wis kebacut musna kablithuk
tegal sawah sanyari bumi dilalap petani menganggo dhasi*

.....

*Apa sliramu ora mangerteni, kadang
titah ringkih sing uripe tansah binuwang?
-iku wujude anak-anak jaman sing kalah perang!
Etungen, etungen nganggo akal lan manah luhur
sapa sing luwih pantes disebut pahlawan
sapa sing kudu dipetung minangka pengabdian pembangunan*

.....

*Kabeh janji kudu sarwa kinanthenan bukti
kaya banyu kali sing mili turut gumuk lan pasawahan
kamardikan lagi nduweni teges yen ora ana tangis kacintrakan
O, sliramu sing kedanan bandha-donya
aja ngimpi bisa nemokake dununge kabagyan
yen ora bisa nyipta katentreman ing kedhunge iman!*

Pethikan geguritan menika nggambaraken gesangipun ‘wong cilik’ ingkang dipunsebat dening pengarang minangka tumbal pembangunan. Pancen wontenipun program pembangunan ing Indhonesia sasampunipun jaman kamardikan menika mbuktekaken bilih Indhonesia menika saged mentas saking penjajahan. Nanging kanthi mlebetipun pengaruh modhernisasi, pembangunan ing Indhonesia lajeng ngalami ewah-ewahan. Kados ingkang dipunandharaken dening Tim Balai Bahasa Yogyakarta bilih ing taun 1990-an tuwuh kasunyatan menawi masarakat utaminipun ‘wong cilik’, sangsaya kasisih saking program

pembangunan ekonomi nasional ingkang asipat fisik. Bab menika kedadosan ugi amargi wontenipun kebijakan pamarentah ngengingi pasar global. Kebijakan menika langkung nguntungaken para pengusaha ageng tinimbang pengusaha lan pedagang alit, ingkang njalari golongan ing ‘wong cilik’ menika rumaos dereng sejahtera (Widati, 2001: 40).

Adhedhasar perkawis menika, pengarang lumantar karya-karyanipun lajeng ngungkapaken kathah prastawa utawi fenomena ingkang saweg kedadosan ing satengahing masarakat. Wonten ing geguritan nginggil kanthi cetha pengarang nyebataken ‘wong cilik’ menika minangka tumbal pembangunan, rakyat pinggiran, menapadene titah ingkang ringkih. Sedaya menika pancen ing kasunyatanipun kasandhang dening golongan ing ‘wong cilik’. Wontenipun pembangunan nagari ingkang boten wrata, ingkang namung nguntungaken pamarentah utawi para panggedhe ing dhaerah-dhaerah ingkang sae lan berkembang, ndadosaken golongan ing ‘wong cilik’ menika kasingkir. Kalebet ugi papan minangka pangupajiwa tumrap ‘wong cilik’, para amongtani lajeng sami kelangan sawah amargi dipunbangun gedhung-gedhung. Lan ingkang asring kedadosan salajengipun, ‘wong cilik’ utawi among tani ing ngriki angsalipun gantos saking pamarentah boten nyekapi kangge kabetahaning gesangipun, ingkang njalari gesangipun ‘wong cilik’ menika kirang *terjamin*.

Perkawis gesang narima dipundandharaken ugi dening Supriyadi (2012: 681) mekaten:

Harmony of life into Javanese culture orientation, human harmony with God, each other and the surrounding nature is based on five basic nature of Javanese culture: The life, work, time, relationships with human beings and the natural surroundings. The Javanese attitude, which called nerimo

ing pandum and introspective are a way of life. Work is obligatory. To ensure that no conflicts which means ensuring social harmony in both man and man, man and nature and man and god harmony and respect are based on the five basic nature of Javanese culture into two fundamental elements: togetherness and respect.

Bab menika ateges sikep gesang tiyang Jawi, ingkang dipunsebat narima ing pandum saha mawas dhiri menika sampun dados pakulinan utawi cara gesang ingkang kedah dipuntindakaken. Perkawis menika supados saged nyingkiri konflik satemah ingkang kapanggihaken inggih menika katentreman sosial saha raos urmat antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanes, manungsa kaliyan alam saha manungsa kaliyan Gustinipun.

Sanajan mekaten kawontenanipun, boten ndadosaken ‘wong cilik’ menika nyalahaken tiyang sanes menapa malih nyalahaken takdir. Sanajan ‘wong cilik’ kedah nglampahi gesangipun kanthi kebak tangis lan pangurbanan nanging taksih saged tetep gadhah sikep narima, awit boten kuwagang nindakaken menapa-menapa. Sudrajat (2018: 52) wonten ing panalitenipun ugi ngandharaken bilih sedya narima kanthi rila menika sikep dhasar tiyang Jawi kangge mbudidaya katentreman ing donya. Wondene anggepipun menapa ingkang dados gadhahipun manungsa menika namung titipan, ingkang sawanci-wanci saged dipunpundhut ingkang Kagungan utawi Gusti ingkang Maha Agung. Gesangipun para kawula utawi wong cilik menika dipun gambaraken gesang ingkang kedah manut saha dados pelados tumrap pemimpinipun utawi golongan priyayi. Perkawis menika ingkang dados pepeling tumrap wong cilik bilih ing gesangipun menika kedah tansah nyambut damel, lan uga nindakaken paladosan. Sedaya ingkang sampun tinakdir dening Gusti kedah kita tampi kanthi ikhlas, nampi nasib gesangipun.

Pramila wonten ing ngriki sajatosipun ‘wong cilik’ menika pantes dipunsebat minangka pahlawan ingkang tansah ngabdi tumrap pembangunan. Malah kanthi sikep narima menika nuwuhaken kabagyan ing gesangipun ‘wong cilik’, minangka titahipun Gusti tansah kebak raos sukur, ndadosaken tentrem ing batos salaminipun gesang.

3. Eling lan Waspada

Sikep gesang tiyang Jawi ingkang sampun dipunmangertos tiyang kathah, saha kawentar inggih wonten ing tetembungan “eling lan waspada”. Sikep eling menika saged dipun gayutaken kaliyan gesang sesambetan kaliyan ingkang Maha Kuwaos, sesambetanipun titah kaliyan Gustinipun. Andharan saking Errington (1983: 283) nedahaken bilih kawontenan sadhar utawi eling, menawi dipun gayutaken kaliyan mistisisme tembung menika condhong kaliyan kesadaran tumrap Gusti minangka pencipta, nanging langkung umum malih bab menika nedahaken kesadaran ngengingi dhiri pribadi ing donya menika saha ing satengahing masarakat, lan ugi kadospundi manungsa menika kedah tumindak. Dene ingkang dipunwastani waspada menika nengingi *ketaatan* uwal saking *dunia Jawa*, dhiri saha prilaku dhiri wonten ing *kontrol diri*, satemah ingkang dipuntindakaken dipunmangertos dening tiyang sanes.

Sedaya tumindak utawi lakuning manungsa menika kedahipun tansah eling, manungsa minangka titah kedahipun saged ngrumaosi bilih wonten ingkang langkung kuwaos tumrap kita tinimbang dhiri utawi karep kita piyambak, satemah gesang kita tansah katuntun. Awit ingkang cinipta menika

boten namung manungsa minangka titahipun Gusti, nanging ugi alam donya minangka papan gesanging manungsa, pramila kita ugi kedah nggadhahi sikep waspada. Waspada ing ngriki ateges njagi dhiri kita saking bebaya, njagi sedaya tumindak, sampun ngantos murugaken kacilakan tumrap dhiri pribadi, tiyang sanes, menapadene alam donya ugi kedah dipunjagi supados sedayanipun gesang tansah selaras.

Murtisari (2013: 117) ugi ngandharaken “*self-awareness is indeed central in Javanese traditional culture, as evidenced by the frequent use of words such as eling ‘mindful’, waspada ‘on one’s guard/alert/vigilant’*” ingkang tegesipun rumaos sadhar ing dhiri menika dados bab ingkang wigati ing kabudayan Jawi, katitik saking kathahipun tiyang ingkang ngginakaken tembung kadosta eling lan waspada. Tuladhanipun kaserat ugi ing Serat Kalatidha, piweling saking R. Ng. Ranggawarsita “sabegja-begjane wong kang lali, luwih begja kang eling lawan waspada”. Pramila sikep gesang eling lan waspada menika kedahipun saged tansah kapatrapaken ing gesang padintenan supados tinebihaken saking memala.

Ingang sampun, kathah kedadosan gayut kaliyan alam donya ingkang dipunsebabaken dening tumindakipun manungsa ingkang boten eling. Kasunyatanipun ugi alam donya saged paring pepeling tumrap manungsa, pramila manungsa menika ugi kedah waspada. Sikep gesang tiyang Jawi ingkang mekaten ugi dados pamawas tumrap karya geguritanipun Turiyo, kados ingkang wonten ing pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Kidung Kamardikan” ing ngandhap menika:

*Jroning jiwa – bangkit – tumanceb ing bumi kinasih
nyawiji bareng swara pratelane Soekarno-Hatta
: Merdeka!
Manuk prenjak ngoceh
canthas lan gandhang!
Kembang-kembang mekar
arum lan endah!
Dumeling kidung puja lan pamuji
nguntabake jiwa lan ruh
njejegake pancadan donga-donga
dalam unggahan tumrap ngumbarane kusuma bangsa
Nanging pratandha apa iki?
langit nangis, jagad kelu
ing angkasa srengenge kamangsa grahana
Lemah geter, bumi pater, s'modra ketaman prahara
ana lindhu
ana lemah longsor
ana pageblug
ana wangke mbarang amuk
Ah, kelakon apa iki?
perang?
gara-gara?
Kiyamat?
utawa pemuat???
Ya, iki pemuat*

Geguritan mnenika nggambaraken semangat nasionalisme bangsa Indhonesia ingkang kajiwa wonten ing batospun sedaya masarakat. Pengarang ngginakaken tetembungan ingkang saestu paring gambaran ing geguritanipun raos bungahing warga masarakat kagambaraken kanthi swasana endahing kembang kang mekar lan keprungu swaraning manuk ngoceh. Tiyang-tiyang sami memuji lan ndedonga dhateng Gusti tumrap para pahlawan ingkang sampun ngurbanaken dhirinipun tumrap bangsa lan nagari. Gegambaran nalika Soekarno-Hatta ngumandhangaken pratelan negara Indhonesia mardika saestu damel pamaos geguritan menika ndherek ngraosaken gregetipun kamardikan nalika jaman semanten.

Pengarang nggambaraken kahananing alam donya, saha menapa ingkang kedadosan ing alam menika sajatosipun minangka pemet tumrap manungsa supados saged ndandosi sedaya tumindakipun, supados manungsa menika saged mawas dhirinipun piyambak lajeng eling kaliyan ingkang Maha Kuwaos.

Mekaten ugi pengarang piyambak, minangka titah ugi rumaos eling marang Gustinipun, ingkang kaandharaken wonten ing geguritan kanthi irah-irahan “Donga Bocah Piatu” ingkang mekaten pethikanipun:

*Gusti, durung kober dakrukti jisime ibu
sing mati kaliren ing pinggir dalan
mati kaku marga ngrungkebi sesantine tembang kamakmuran
“Iki jaman mardika. pembangunan ginelar kanggo kamulyan para
kawula”
(nanging apa urip cukup wareg mangan sesorah
sedheng para pepriman isih pating slarah)
Gusti, upama aku entuk blaka
wiwit wingi weteng iki durung klebon sega
senajan ujaring kandha kita iki wis mardika
pembangunan dadi program kapisan, kemakmuran
janji manis saka kabeh pengendhali lis peprentahan
“nanging apa cukup manungsa mung urip karo janji
sedheng kacintrakan tansah mbujung urip iki?”
Gusti, najan wis dakgawa kabeh sanggan panandhang
Menyang endi kudu nglabuhake kesurange nasib
Kamakmuran iki panggah angel diranggeh
Sagagang kembang cempaka uga wis kadhung alum
Sadurunge kober daksawurake ing makame ibu
Sing dadi kurban atas nasib sapait rempelu*

Geguritan menika nggambaraken sikep gesangipun pengarang ingkang tansah eling marang Gustinipun. Pengarang tansah mbetahaken sesambetan kaliyan Gusti ingkang sampun paring gesang, ugi ingkang saged mendhet gesang kita. Pengarang ndadosaken Gustinipun minangka sumbering katentremanipun, nalika pengarang piyambak minangka titah, sampun boten saged tumindak menapa-

menapa. Lumantar pandonga lan kapitadosanipun menika pengarang saged sesambetan kaliyan Gustinipun.

Sikap gesang tiyang Jawi menika ugi kaandharaken wonten ing panalitenipun Susi Susanti, dkk (2016:7) saking sosok Pariyem wonten ing prosa lirik Pengakuan Pariyem minangka wanita Jawa ingkang gadhah sikep gesang ingkang tansah eling dhateng Gusti Allah saha pitutur utawi nasehat tiyang sepuh. Kanthi laku kasebut gesang kita saged langkung ayem tentrem, sanajan menapa ingkang dados donga pasambat kita namung saged kita aturaken, lajeng menapa ingkang kedadosan salajengipun kita namung saged sumarah marang karsanipun Gusti.

4. Pasrah lan Sumarah

Sikep gesang tiyang Jawi menika mujudaken sikep ingkang tansah nggatosaken sesambetan antawisipun manungsa kaliyan sesaminipun lan ugi manungsa saha Gustinipun. Gesang ingkang gayut kaliyan sikep dhiri pribadi dhumateng Gustinipun menika kedah katindakaken dening manungsa salah satunggalipun kanthi gadhah sikep pasrah lan sumarah. Sikep pasrah lan sumarah menika mapanaken Gusti ingkang Maha Agung ingkang kuwaos lan mimpin gesangipun saben tiyang ingkang pitados. Pasrah lan sumarah menika tegesipun saestu nyumondhongaken dhiri dhateng panguwaosing Gusti amargi dalaning gesang ingkang sampun katemtokaken dening Gusti menika ingkang paling leres lan paling sae ngantos wusananipun dumugi ing kabagyan ingkang sejati (Sumarsono, 2017:56). Kanthi sikep pasrah, gesang kita saged kita lampahi langkung entheng, amargi kita nindakaken lan ngupaya tumindak jumbuh kaliyan

kasagedan lan kekiyatan piyambak-piyambak, dene kasilipun, menapa ingkang kedadosan salajengipun, awon utawi sae tumrap dhirinipun menika awit sampun katemtokaken dening Gusti. Kita minangka titah namung saged nampi lan mitados bilih menapa kemawon ingkang sampun katemtokaken dening Gusti menika ingkang sae tumrap dhiri kita.

Sikep pasrah lan sumarah menika ugi dados pamawas tumrap Turiyo Ragilputra minangka pengarang geguritan. Piyambakipun gadhah pamawas tumrap ‘wong cilik’, minangka tiyang Jawi ingkang gadhah sikep pasrah lan sumarah. Kados ingkang kaserat wonten ing geguritanipun ingkang irah-irahan “Merga Dakpilih Dheweke”, saperangan pethikanipun mekaten:

Merga dakpilih dheweke
 : bocah lola sisane perang
dudu tangise, nanging panampane marang takdir
Merga dakpilih dheweke
 : bocah padesan anak jaman
dudu guyune, nanging tembung-tembung kebak kalucon
Merga dakpilih dheweke
 : para among tani kurban modhernisasi
dudu eluhe, nanging pangrengkuhe marang kodrat
Merga dakpilih dheweke
 : kuli panggul lebuning dalan aspal
dudu rosane, nanging kringete kanggo pangabdian
Merga dakpilih dheweke
 : titah fakir kembang prikamanungsan
dudu critane, nanging sumarahe marang nasib
Merga dakpilih dheweke

Wonten ing geguritan kasebut Turiyo minangka pengarang ngandharaken bilih piyambakipun ndadosaken saperangan tiyang, maneka warni panggaotanipun, minangka tepa patuladhan tumrap dhirinipun. Bocah lola, bocah padesan, para among tani, kuli panggul, sedaya menika ingkang kalebet golonganing ‘wong

cilik’, ingkang gadhah sikep gesang ingkang patut tinuladha. Awit kawontenan ing gesangipun ndadosaken para ‘wong cilik’ menika tansah pasrah lan sumarah. Sikep pasrahipun para ‘wong cilik’ menika bilih dipuntingali saking sisih sanes, katingal bilih sanajan pasrah, ‘wong cilik’ menika tetep ngusada, tetep ngupiya, nyambut damel kangge nyekapi gesangipun.

Wonten ing geguritan salajengipun pengarang ugi mawas dhateng ‘wong cilik’ saha pagesanganipun minangka patuladhan kanthi sikep gesangipun ingkang pasrah sumarah dhateng karsanipun Gusti. Bab menika saged katitik saking geguritanipun Turiyo ingkang irah-irahanipun “*Intermezo Kabagyan*” ingkang pethikanipun ing ngandhap menika:

*(O, jaman edan
akeh wong lanang tumindak bilulungan
ajar korupsi sinau manipulasi
najis haram ora perduli
nampa sogok dhuwit wedok
sing penting bisa ngiseni ambane gandhok)
O, kadang
bakul dawet kae
sing mikul dagangan pentheyotan adus riwe
batine pasrah nampa garitan takdir*

Geguritan menika nggambaraken gesangipun wong gedhe menapadene ‘wong cilik’. Gegambaran sikep gesang ingkang tebih sanget bedanipun antawis wong gedhe kaliyan ‘wong cilik’. Wong gedhe dipungambaraken anggenipun pados pangupa jiwa kathah ingkang mawi tumindak *korupsi* saha nampi *suap* ingkang cetha menika tumindak ingkang lepat. Dene ‘wong cilik’, bakul dawet minangka tuladha, anggenipun pados pangupa jiwa kanthi *kerja keras* dipun gambaraken ngantos adus kringet, kanthi pasrah ing batosipun.

Pancen tiyang gesang menika kedah obah kedah usaha kangge nyekapi kabetahan gesangipun. Maneka cara saged dipuntindakaken, kathah dalanipun. Wusananipun gumantung kaliyan pribadi piyambak-piyambak, namung ingkang kedah dipun gatosaken caranipun kedah ingkang leres, ingkang sae jumbuh kaliyan tatananipun. Dalan ingkang lepat limrahipun katingal gampil saha kasilipun ageng, nanging temtu boten ndadosaken manah menika rumaos tentrem. Dene manungsa gesang sajatosipun inggih pados katentreman ing batosipun. Boten namung perkawis katentreman ing batos, sesambetan kaliyan Gusti ugi minangka bab ingkang wigati, awit Gusti ingkang Murbeng Dumadi ingkang wusananipun kagungan hak mutlak kangge nemtokaken gesang kita.

Panaliten saking Hidayat (2015, 116) ugi ngandharaken ngengingi sikep pasrah, tokoh cariyos Sunda inggih menika putri Dyah Pitaloka ingkang gesangipun kangge ngabdi pramila piyambakipun namung saged pasrah ndherek kersanipun Sang Hyang. Sikep pasrah menika tuwuh saking krenteg dhiri pribadi, awit wontenipun kesadaran, saha eling dhateng ingkang maha Kuwaos. Tiyang gesang, mliginipun tiyang Jawi menika gadhah pamanggih bilih gesang menika gumantung kaliyan takdir utawi pepesthen, pramila tiyang Jawi menika gadhah pamawas bilih gesang menika namung saderma nglampahi pepesthen saking Gusti (Endraswara, 2010: 60) Sikep gesangipun manungsa minangka titah menika kedahipun nrima nasib kanthi pasrah sumarah awit sedaya ing donya menika namung titipan saking Gusti Allah.

5. Ikhtiyar

Manungsa minangka titah sawantah ing gesangipun tansah sadarma nglampahi menapa ingkang dados pepesthenipun Gusti. Bab menika ateges ing gesanging manungsa, menapa kemawon ingkang kedadosan dhateng manungsa sanadyan sampun wonten ingkang ngatur, nanging sedaya menika ugi gumantung kaliyan ikhtiyaripun manungsa. Miturut Endraswara (2010: 62) ikhtiyar inggih menika kupiya utawi usaha secara lair saha batos. Pramila kedahipun manungsa menika tetep tumindak, tetep ngupiya tumrap sedaya ingkang dados kabetahan gesangipun. Dene asilipun ing samangke menika ingkang kedah kapasrahaken dhumateng Gusti, menapa kemawon asilipun ingkang kita tampi kedah dipuntampi kanthi lila legawa.

Gegayutan kaliyan bab menika, Turiyo minangka tiyang Jawi ugi ngakeni, bilih gesang menika mbetahaken ikhtiyar. Pamawas menika saged dipunpanggihaken wonten geguritan karyanipun kanthi irah-irahan “Guritan Bocah-Bocah kang Ilang” ingkang mekaten pethikanipun:

*Napasku krungkep ing aspal panas
 Nyapu-nyapu bumi aking
 Mrucut saka wengkuning rasa
 Gumlundhung kapidak playuning turangga
 Adhuh mripat, menyang endi panyawang iki kudu sumawat

 Atiku kalebur kawah panas
 Sirahku nglokop kasiram luh tangis rembulan
 Tanganku kelu, guritku rontok, pangrasaku
 Kalabur bledug
 Saiki aku ing kene
 Ngadeg nganggo sasisih sikil sing ketaton
 Remuk kalindhes rodha-rodha jaman
 Mumur kalebur owah gingsir peradaban
 Ya Allah, perihe sikil iki nguwot bolah panas
 Buntung kabeh driji-drijiku*

*Tugel kabeh ros-ros tanganku
Nanging yagene mripat iki suthik merem
Ndulu kaelokaning jagad?
Yagene guritku panggah njerit
Nyaritakake titah ringkih sing kajepit?*

Geguritan kasebut menawi dipuntiti saking tetembunganipun nelakaken bilih gesang ing donya menika kedah saged ndherekaken lampahing peradaban saha ewahing jaman. Dene ‘wong cilik’ kacarita minangka titah ringkih ingkang kajepit, lajeng boten saged tumindak menapa-menapa, kalebet ugi Turiyo minangka sastrawan, pengarang, ingkang gesang wonten ing satengahing masarakat padesan, gesang minangka ‘wong cilik’.

Piyambakipun ugi ngraosaken, gesang ing jaman ingkang tansah ewah menika boten gampang, menapa malih minangka panggurit saha sastrawan ingkang pedamelanipun nyerat, minangka pangupajiwaniipun, kangge nyekapi kabetahan kulawarga. Geguritan kanthi irah-irahan “Guritan Bocah-Bocah kang Ilang” menika dipunserat Turiyo taun 1991. Dene ing taun 90-an donyaning panggurit menapadene sastrawan saweg wonten ing kahanan ingkang kirang mranani, awit dayanipun saking faktor sosial-politik-ekonomi. Bab menika dipunandharaken dening Suwondo (2011:35)

Sebab yang paling utama adalah kendati kondisi sosial politik telah berubah dari Orde Lama ke Orde Baru keadaan ekonomi Indonesia (termasuk Jawa) pada masa itu masih sangat memprihatinkan. Oleh sebab itu, berbagai aspek yang berhubungan dengannya, termasuk aspek pendukung keberadaan sastra Jawa, mengalami nasib yang juga menyedihkan. Lilitan ekonomi tersebut membawa akibat lebih jauh, yaitu masyarakat tidak menaruh minat terhadap karya sastra sehingga para penerbit tidak berani berspekulasi menerbitkan dan memasarkan karya sastra Jawa.

Saking andharanipun Suwondo menika nedahaken bilih donyaning pengarang ing jaman semanten pancen mrihatinaken, pramila nyerat utawi

ngarang menika boten saged dipundadosaken sumbering pangupajiwa ingkang utami. Pengarang menika kedah gadhah pedamelan sanes kangge nyekapi kabetahan gesang. Turiyo ugi mekaten, piyambakipun dados guru SD nanging ugi taksih nyerat karya sastra kalebet geguritan, awit mliginipun kasusastran Jawa sampun kajiwa ing dhirinipun.

Bab menika ugi minangka wujud saking sikep ikhtiyar saking pengarang sastra. Sanajan piyambakipun ing kahanan ingkang sisah, kagambaraken ing geguritan “Guritan Bocah-Bocah kang Ilang” :

*Nanging yagene mripat iki suthik merem
Ndulu kaelokaning jagad?
Yagene guritku panggah njerit
Nyaritakake titah ringkih sing kajepit?*

Turiyo ngrumaosi gesang minangka ‘wong cilik’ ingkang ing gesangipun ugi tetep saged ikhtiyar sanajan ing kahanan ingkang ringkih, nanging tetep ngupiya kangge lampahing gesangipun. Pramila piyambakipun ugi ngungkapaken raos saha gagasanipun minangka golongananing sastrawan ingkang rumaos ugi minangka ‘wong cilik’. Dene wujud ikhtiyar ingkang kagambaraken wonten ing geguritan “*Intermezo Kabagyan*” pethikanipun mekaten:

*panggah lumaku turut dalan mlipir-mlipir
udan-panas ketiga-rendheng ora dipikir
gegerongan tetembangan nglipur ati
galik-galik sajak ngudang sewu wewadi*

Saking pethikan menika kagambaraken kadospundi anggenipun ‘wong cilik’ *menika* ngupiya pados pangupajiwa ing gesangipun kangge nyekapi kabetahaning kulawarga. Pados pedamelan, pados pangupajiwa boten dipikir lan boten dipunraosaken kahanan wekdal semanten jawah menapadene panas, tetep ikhtiyar

kangge nyambut damel. Kepara malah anggenipun nyambut damel menika kanthi tetembangan kangge nglipur manah. Inggang wigati saking sikep ikhtiyar menika kedah dipuntindakaken kanthi suka lila.

Sanesipun menika kapanggihaken ugi ing geguritan inggang irah-irahanipun “Kanca Lawas” inggang kaanggit taun 1998 inggang mekaten pethikanipun:

*kanca lawas sing dakpethuki ing prapatan
awake kuru pundhake mikul buntelan
“arep menyang endi mitraku?
nggoleki rodha ekonomi sing mrucut saka porose
lan tatanan sing mung bisa ngerut wong kere?”
(godhong-godhong gogrog saka pang
awakmu kabur kaya kapuk kumleyang)
yen pengin bukti aja takon marang manungsa
aja takon menteri bupati camat apamaneh sing
paling kuwasa
luwih becik takokna marang bocah angon kae
kayangapa urip dadi kaya ngene rekasane
rega-rega dadi rante wesi
pranatan mujud dadi memedi
**“Aku lagi nggoleki tlacaking kamardikan
nalika bocah-bocah bumi iki labuh marang negara
ora butuh dhuwure pangkat tumumpuke bandha”**
(sliramu banjur lungguh
bokmenawa ana angin liwat sing mesem lan mbagekake
yogene ing negara sing kondhang adil makmur iki
isih akeh wong mlarat lan kere)
weruh lakune kanca lawas
sing bandhane mung kari napas
kaya ana sewu dom nunjemi maras
weruh wong-wong neneka
sing biyen teka saka tlatah manca
mung kari ngisis ing jaman mardika
lan numpuk bandha ngrangkul panguwasa
kaya umob iki nala*

Geguritan menika nggambaraken satunggaling nem-neman saking golonganing ‘wong cilik’ inggang gadhah kepinginan kangge ngupadi gesang

ingkang langkung sae. Turiyo wonten ing geguritan menika sajatosipun badhe nggambaraken kadospundi 'wong cilik' tansah ikhtiyar, ngupiya kangge nyekapi kabetahan gesangipun ing jaman mardika. Gegambaran jaman mardika ingkang kedahipun kamardikan menika saged dipunraosaken dening sedaya kalangan masarakat, nanging ing kasunyatan adil lan makmur menika namung saged karaosaken dening para panguwasa. Dene 'wong cilik' gesangipun boten ewah, tetep rekasa, mliginipun anggen nyekapi kabetahan gesang.

Perkawis nyekapi kabetahan ekonomi menika ngantos wekdal sapunika, nalika nagari sampun mataun-taun mardika, taksih kathah tiyang ing padesan ingkang ngupiya gesang mulya lajeng kesah dhateng kutha ageng kangge pados pangupajiwa. Mliginipun nem-neman, sasampunipun cekap anggenipun sekolah, kathah ingkang lajeng milih pados pedamelan ing kutha ageng, malah wonten ugi ingkang kesah langkung tebih malih ninggal desa dhateng ngamanca, nyambut damel minangka TKI utawi TKW.

Perkawis menika ugi dipundayani saking faktor ekonomi masarakat, langkung-langkung kahanan ekonomi ing nagari. Kamangka ing padesan ugi sajatosipun saged kangge pados pangupajiwa, menawi boten pados pedamelan, malah kedahipun saged mbikak lahan, utawi lapangan kerja, mbangun desa. Pancen ingkang nami miwiti ugi boten saged langsung kasil sae, pramila menawi kepingin kasil kedah saged ikhtiyar. Kanthi mekaten ugi saged minangka lelabuhan tumrap kamardikaning nagari, saha tumrap kamulyaning gesang masarakat.

6. Kebak Pangajeng- ajeng

Tiyang gesang menika kedahipun tansah gadhah pangajeng-ajeng. Ing bab menapa kemawon, kedahipun tansah ngajeng-ajeng sedaya ingkang sae tumrap dhiri pribadi menapadene tiyang sanes. Pangajeng-ajeng utawi cita-cita inggih menika pepenginan ingkang tuwuh ing batosipun manungsa kanthi ancas ndadosaken samudayanipun langkung sae. Pangajeng-ajeng menika ndadosaken kita langkung semangat anggenipun nglampahi gesang utawi tumindak ing sedaya kawontenan. Pramila bab menika dados wigati tumrap gesanging manungsa.

Munawar (2016: 124) ngandharaken ngengingi gesanging pengarang minangka masarakat kados mekaten:

Owing to this, we can see the action of the poem is shifting back and forth in realm of poet's mind, from present to past then again to past. Going ahead, next the speaker, while continuing his observation of his surrounding, talks about 'they always remind me of village crone' (signifier of old age). Here the shift of tone from vegetated world to humanistic world can be noticed.

Tegesipun andharan inggih menika bilih ing pamikir saha batosipun pengarang, ide utawi pamanggih tansah kumlebat saking wekdal engetan jaman rumiyin ngantos kawontenan ing jaman samenika ingkang murugaken pepenginan tumrap pengarang minangka manungsa limrah lajeng gadhah pepenginan kangge ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken lumantar karyanipun. Pramila minangka tiyang gesang limrah menawi gadhah pepenginan, awit dhasaripun manungsa menika ing gesangipun tansah kebak ing pangajeng-ajeng.

Turiyo ugi nelakaken wonten ing geguritan kanthi irah-irahan “Aku Nglukis ing Sayuta Langit” mekaten:

Delengen aku nglukis ing sayuta langit

*kebak warna abang sing cinipta saka getih jaman luput ngandhut
 banjur nindakake aborsi kanthi nguntal pil lintang
 guguran getihe dakwadhahi genthong angen-angen kagelan
 dene kuwase dakcipta nganggo rambut gunung njeblug
 lan warna-warna endah liyane cinipta saka pecahan raga
 nasib para glandhangan sing kasingkir merga impen
 para pamuja patung adipura
 O, kadang-kadangu sing ora nate bosen nyawang lukisan
 delengen lukisanku ing sayuta langit kae
 kebak akrilik mata nangis, tangan nyadhong, lan sandhangan
 Pating sranthil!
 warna-warnane banget naturalis awit dumadi saka nyawa-nyawa sing
 pecat tanpa dosa*

Geguritan menika ngandharaken bilih ing donya menika taksih kathah tiyang ingkang tumindak dosa, kahanan gesang sosial masarakat ugi tansaya mrihatinaken, saking perkawis *seks* bebas, ngandhut saderengipun nikah dumugi tindakan aborsi. ‘wong cilik’, para glandhangan menapadene wong ngemis, ingkang kawontenan nasibipun tansaya kasingkir dening para panguwaos. Raos kagelan awit saking tumindak dosa, pangangen-angene para glandhangan marang nasib ingkang langkung sae, tangis kacingkrangan saking para wong ngemis, tansah kagambar lan dados sesawangan ing saben dintenipun. Sedaya kawontenan lan swasana ingkang kedadosan ing satengahing masarakat menika kagambaraken minangka lukisan ingkang kebak warna.

Saking geguritan menika Turiyo badhe ngandharaken raos preduli dhateng kawontenan ing sakupengipun. Kadospundi kawontenan gesanging ‘wong cilik’ ingkang tansah ngantu-antu gesang ing katentreman. Bab menika ugi jumbuh kaliyan sikep kita minangka tiyang Jawi inggih menika tansah kebak ing pangajeng-ajeng tumrap gesang ingkang tentrem, awit ingkang dados ancasing

gesang tiyang Jawi menika sajatosipun namung nggayuh katentreman saha kabagyan.

Dene andharan saking Jain (2012: 12) ngengingi pamanggih saking pengarang, inggih menika:

On a careful analysis of each worldview one can find the specific quality of life possible within it. Trait worldview is person centered emphasizing that behaviour in any situation largely depends on the characteristics of the individual. Such a view treats both the characteristics of the individual as static and the question of quality of life cannot be considered depending on the individual alone as it is a product of social, cultural and the environmental qualities.

bilih pamawas ngengingi sikep gesang menika condhong dhateng satunggaling tiyang utawi tokoh kangge manggihaken kualitas gesang tartamtu ing salebeting karya sastra. Pamawas donya utawi pamanggih saking pengarang menika ugi gumantung kaliyan *karakteristik individu*. Pranyatan menika leres namung dayaning pamawas donya menika boten namung saking karakteristik individu nanging ugi amargi minangka produk saking kualitas sosial, budaya saha lingkungan.

Salajengipun Turiyo ugi paring gegambaran ngengingi gesanging tiyang Jawi, mliginipun ‘wong cilik’, ingkang kaandharaken ing pethikan geguritan kanthi irah-irahan “Kali Luk Ula” kados ing ngandhap menika:

*kali luk ula
kali tukung jiwa
kali lesunge raga
kali napase kawula
wedhi krikil watu sarahan
tangeh bobote yen kanggo sembranan
wedhi wis dadi susu tumrap bayi-bayi
krikil wis dadi ganjel weteng kawula sing kaungkil-ungkil
watu dadi pangane titah sing wajib nyembah ratu
kali luk ula kali tukung pangupajiwa*

*crita melok kadang sing uripe banget rekasa
 kali luk ula kali sungsume jiwa raga
 kali kendhile kawula papa
 kali luk ula dudu kali bahan seminar
 dudu barang dagangan sing diedol ing pasar
 kali luk ula dudu kali tontonan
 dudu papan kanggo jejogedan
 kali luk ula dudu warisan kanggo rebutan
 dudu nyamikan kanggo bancakan
 :kringet riwe pingget gulune
 rakyat gumantung marang iline
 yagene kali luk ula didadekake kartu ceki
 banyune diombe kaya tuak lan brendhi?
 kali luk ula dudu tampar demokrasi
 dudu panjiret sing bisa dipolitisasi
 kali luk ula sumbering pangupajiwa
 aja dibroki kemreki utawa tuma
 toгна kali luk ula mili miturut kodrate
 kareben kawula cilik bisa ngrasakake asil tetese riwe
 najan kaya apa wujud panguripan
 tinimbang mider turut lurung dadi pepriman*

Geguritan menika wosipun ngandharaken gegambaran papan pangupajiwa tumrap ‘wong cilik’, mliginipun ingkang wonten ing wewengkon Kebumen. Luk Ula menika satunggaling lepen ageng ingkang mbelah tlatah Kebumen sisih wetan kaliyan kilen. Lepen ageng ing pinggir kutha Kebumen menika dipun ginakaken dening warga Kebumen kangge mawarni-warni kegiyatan. Wonten ingkang pados pangupajiwa kanthi nambang pasir, wonten ingkang pados watu, wonten ugi ingkang ngginakaken lepen menika kangge umbah-ubah, ingkang cetha lepen Luk Ula menika dados salah satunggaling sumber pangupajiwa tumrap warga Kebumen.

Ing wekdal semanten, utawi ing wekdal geguritan karipta, antawis taun 1997, lepen Luk Ula menika taksih dados papan panguripan tumrap rakyat, mliginipun ‘wong cilik’ ingkang pedamelanipun pados pasir, krikil, lan ugi watu.

Lepen menika minangka paseksi, para buruh, para penambang anggenipun pentheyotan adus kringet kangge nyekapi kabetahaning gesang. Sanajan ngantos adus kringet nanging 'wong cilik' menika taksih nggadhahi pangajeng-ajeng kangge gesang ingkang langkung sae, tanpa kedah dados pepriman. Inggih dados pangajeng-ajeng ugi tumrap 'wong cilik' inggih menika gesang ingkang langkung sae.

Kebumen ing dasawarsa 1990an mliginipun ing taun 1997 saweg wonten ing kahanan krisis ekonomi, boten namung Kebumen nanging kalebet Indonesia ing taun menika saweg ngalami krisis moneter. Bab menika kedadosan awit kahanan ekonomi ing nagari boten stabil saha nilai rupiah ing kalangan manca ingkang saweg mudhun. Bab menika ugi lajeng mangaribawani tumrap pagesangan ekonomi masarakat ing dhaerah, tumrap perusahaan lajeng kathah karyawan ingkang nampi PHK, regi barang kabetahan saha sembako sami mindhak, lajeng ndadosaken kerusuhan lan sanesipun.

Gegandhengan kaliyan perkawis menika, Turiyo minangka pengarang ingkang ugi ngraosaken kawontenan ingkang lumampah wekdal semanten lajeng kagugah manahipun kangge nyerat menapa ingkang dados pangrasa tumrap dhirinipun, saha ngandharaken adhedhasar kawontenan wekdal semanten. Sinaosa boten gampil tumrap para pengarang ing wekdal semanten kangge ngungkapaken raosipun kanthi seratan, menapamalih pengarang kadosdene Turiyo ingkang pedamelanipun minangka guru SD. Awit ing taun 1997, nalika Indhonesia dipunpimpin dening Presidhen Soeharto, profesi guru menika dados langkung wigati amargi dipun gayutaken kaliyan pagesangan politik wekdal menika

minangka kepentingan partai. Pramila Turiyo anggenipun medhar gagasan wonten ing geguritanipun ing taun-taun menika ugi tansah ngatos-atos, sanajan mbokmenawi isi seratanipun ngandhut kritik secara alus. Menapa malih kathah karya-karyanipun Turiyo menika ingkang tema utawi wosipun ngrembag pagesangan ing sakupengipun, mligi pamawasipun anggen mbelani pagesanganing ‘wong cilik’ saha kritik dhateng tumindakipun para wong gedhe. Kados ingkang dipunandharaken dening Anyokwu (2011: 5) saking asil panalitenipun “*Osundare's Poetry and the Yoruba Worldview*” ngandharaken bilih puisi Jepang menika ugi nggadhahi pamanggih ngengingi pagesangan sosial inggih menika protes dhateng sedaya perkawis *perampasan sosial*, saha *ketidakadilan* minangka tema umumipun.

Pamawasipun Turiyo ingkang salajengipun, ingkang kaanggit ugi ing taun 1997 kanthi irah-irahan “Kebumen” ingkang pethikanipun kados ing ngandhap menika:

*Mung kari tunggak lan balung-balung bungkek
 kapanggih panas kasapu lesus
 watu krakal mili mlebu jroning usus
 Tanpa tabet winih guritan sing nate dak dhedher
 nalika tangan iki isih nyekel layang piyandel
 o, mitraku
 kapan bakal daksasak alang-alang
 kapan daktemu cangkir teko wadhahe wedang
 awit kabeh wis kipa-kipa marang kidung segara
 marang lembute laras budaya
 Mung kari uwuh lan kawat-kawat rongsokan
 plastik-plastik mawa racun jinereng ing sampiran
 uga sliramu
 katungkul lelangen ing banyune kali luk ula
 milih brendhi wisiki tinimbang legen gula jawa
 Kebumen, bareng gogroge kembang-kembang randhu
 gogrog uga pangarep-arep ing pange kalbu*

Geguritan menika wosipun ngandharaken gegambaran pagesangan masarakat ing Kebumen, mligi tumrap gesangipun golonganing ‘wong cilik’ ing jaman modhernisasi. Wonten ing geguritan menika piyambakipun gadhah klangeran tumrap kawontenan ing Kebumen ingkang taksih asri, tegesipun boten beda kawontenan kutha kaliyan desanipun. Awit wontenipun modhernisasi saha pembangunan menika sajatosipun ingkang katingal ewah namung ing kutha, dene kawontenan ing desa taksih sami, ateges menawi dipunraosaken pembangunan menika taksih dereng wrata.

Minangka wakilipun golonganing ‘wong cilik’, Turiyo ngandharaken pangajeng-ajengipun tumrap pagesangan masarakat ingkang sampun ewah kabekta ing jaman. Ing geguritan menika dipun gambaraken mitranipun Turiyo ingkang milih brendhi wiski minangka gegambaran gesang modhern, tinimbang gendhis Jawi minangka gegambaran gesang ingkang tansah ngugemi tradhisi. Pancen boten saged dipunsingkiri malih menawi jaman menika meksa kedah ewah, menapa kemawon ing gesang menika saged ugi ewah, pramila dhiri kita piyambak kedah saged ‘*menyesuaikan*’, ateges ndherek kemajuaning jaman nanging boten keli ing jaman. Minangka ‘wong cilik’ menika ing gesangipun namung tansah ngajeng-ajeng katentreman saha kabagyan. Pangajeng-ajeng menika ugi dipunandharaken dening Turiyo lumantar geguritanipun kanthi irah-irahan “*Ironi Kamardikan*” ingkang mekaten pethikanipun:

*Lemah putih lemah abang
Jantung Merauke getih Sabang
Timbulna saka guwa garbamu jiwa-jiwa sing tulus suci
Kawula-kawula sing teguh nyekel janji
Raja-raja sing kukuh nancebake sesanti
Nyipta wadhas dadi emas*

*Ngripta rintih tangisan dadi tembang guritan
Iki ironi kamardikan
Sawise ucul saka rante penjajahan
Nasibe rakyat dadi pakane macan-macan*

Wonten ing gesang kita kedahipun tansah gadhah pangajeng-ajeng, temtunipun pangajeng-ajeng tumrap kasaenan dhiri kita piyambak menapadene tiyang sanes. Pethikan geguritan menika nggambaraken pangajeng-ajeng saking ‘wong cilik’ tumrap para pemimpin utawi panguwasa ingkang saged ngayomi ‘wong cilik’, ingkang gadhah sikep gesang tulus, saged nyepeng janji, saha nggatosaken nasibipun ‘wong cilik’. Awit nagari menika ingkang kawastanan nagari mardika, sajatosipun dereng saestu mardika, adil lan makmur. Sanajan jaman sampun ewah, nanging taksih kathah tiyang ingkang kawontenan gesangipun tansah kesrakat, kacingkrangan, ingkang tansah ngajeng-ajeng gesang ing kamulyan. Sanajan jaman sampun mardika, samubarang kathah ingkang sampun ewah, nanging ing gesang masarakat umumipun taksih wonten ingkang lajeng mbedakaken ingkang sugih lan mlarat, ingkang pangkat menapadene ingkang asor, wong gedhe lan ‘wong cilik’.

Jumbuh kaliyan andharan saking Siti Supeni saha Kundharu Saddhono (2013: 159) inggih menika *“one aspect in preserving Javanese values is by applying it in everyday life. the examples of Javanese value are such as : the gentle of heart, giving example, compromising in leadership style, harmonious life, discussion, humanism, care, and solidarity. We do not refuse modernization.”*. Pranyatan menika nedahaken bilih kita menika boten kedah nolak modhernisasi utawi ewahing jaman namung nilai-nilai Kejawen, ingkang dados pedoman tumrap tiyang Jawi, kadosta: alusing budi, dados

tuladha, *kepemimpinan* saha kaprawiran, gesang ingkang prasaja, *humanisme*, preduli dhateng tiyang sanes, menika wigati sanget dipuncakkaken wonten ing gesang padintenan.

Pramila sejatosipun gesang ing jaman ingkang tansah ewah menika, dhiri kita piyambak ingkang kedahipun njumbuhaken kaliyan kawontenan. Wonten ing gesang padintenan ugi anggenipun nindakaken menapa kemawon kedahipun ingkang prasaja. Tiyang gesang pancen limrahipun menika gadhah ancas tartamtu, nanging ingkang utami wonten ing gesang menika tumuju dhateng ing kabagyan lan katentreman. Sanandyan gesang ing kawontenan ingkang kekirangan, nanging menawi tiyang gesang saged gadhah sikep gesang ingkang prasaja kanthi nindakaken laku ing gesangipun saged minangka sarana nggayuh kabagyan lan katentreman.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran bab *pandangan dunia* pengarang tumrap ‘wong cilik’ wonten ing geguritan anggitanipun Turiyo Ragilputra ingkang sampun kaandharaken wonten ing bab saderengipun saged dipunpendhet dudutan menawi Turiyo Ragilputra lumantar karya geguritan piyambakipun ngandharaken pamawasipun bilih ‘wong cilik’ menika sanadyan gesang ing kawontenan ingkang sisah nanging tansah matrapaken sikep gesang ingkang prasaja kanthi laku gesang kadosta mawas dhiri, gesang narima, eling lan waspada, ikhtiyar, pasrah sumarah saha tansah kebak ing pangajeng-ajeng kangge nggayuh kabagyan saha katentreman.

B. Pamrayogi

Panaliten menika taksih winates amargi namung ndudhah *pandangan dunia* pengarang ing salebeting geguritan karyanipun Turiyo Ragilputra. Pramila taksih saged dipunlajengaken panaliten sanes ingkang langkung mligi gegayutan kaliyan bab nilai-nilai moral ing salebetipun geguritan, supados panaliten geguritan menika langkung jangkep.

Asiling panaliten menika saged dipunginakaken kangge referensi panaliten salajengipun, saha kaangkah *pandangan dunia* pengarang wonten ing geguritan menika saged dipuntrapaken wonten ing pagesangan saben dintenipun.

C. Tundhon

Tundhonipun saking panaliten kaandharaken ing ngandhap menika:

1. Asiling panaliten menika saged dipunginakaken kangge dhasar panaliten ingkang saklajengipun, mliginipun ingkang gegayutan kaliyan *pandangan dunia* ing salebeting geguritan.
2. Asiling panaliten ugi saged dipunginakaken kangge maringi tambahan *bahan ajar* materi geguritan wonten sekolah, guru saged ngginakaken *data* panaliten wonten asiling panaliten menika, satemah siswa saged nyinau langkung kathah bab wosing geguritan saha *pandangan dunia* pengarang.
3. Dipunkajengaken saking panaliten menika saged tuwuh panaliten-panaliten sanesipun ingkang gayut kaliyan strukturalisme genetik, saengga saged maringi tambahing panaliten-panaliten ingkang gayut kaliyan bidhang sastra.

KAPUSTAKAN

- Anyokwu, Christopher. 2011. "Osundare's Poetry and the Yoruba Worldview." CLCWeb: Comparative Literature and Culture vol 13 Issue 1 retrieved from <<https://doi.org/10.7771/1481-4374.1707>>
- Damono, Sapardi Djoko. 2002. *Pedoman Penelitian Sosiologi Sastra*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- _____. 1979. *Sosiologi Sastra-Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Depdikbud.
- Dosse, Francois. 1997. *History of Structuralism volume 1: The Rising Sign, 1945-1966*. London: University of Minnesota Press. translated by Deborah Glasmann
- Endraswara, Suwardi. 2012. *Teori Pengkajian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: UNY Press.
- _____. 2011. *Metodologi Penelitian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: CAPS.
- _____. 2010. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala
- Errington, J. J. 1984. self and self-conduct among the Javanese priyayi elite. *American Ethnologist*, 11(2), 275-290.
- Fanie, Zainuddin. 2002. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Faruk. 2010. *Pengantar Sosiologi Sastra-dari Strukturalisme Genetik sampai Postmodernisme (edisi revisi)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ghanbari, Farzane Yusef & Saeed Zahiri. 2014. Sociology Vis and Ramin. *International Journal On New Trends In Education and Literature*. https://www.civilica.com/paper-JR_IJNTEL-JR_IJNTEL-1-2_004.html
- Goldman, Lucien. 1980. *Essay on Method in the Sociology of Literature*. William Q. Boelhower (ed). St. Louis, Mo :Telos Press Ltd.
- Hadiatmaja, Sarjana. 2009. *Pranata Sosial dalam Masyarakat Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah.
- Hidayat, Sarip. 2015. *Pandangan dunia Orang Sunda Dalam Tiga Novel Indonesia Tentang Perang Bubat*. *Jurnal METASASTRA* , Vol. 8 No. 1, Juni 2015: 105-120. diunduh dari <http://ejournalbalaibahasa.id/index.php/metasastra/article/view/211/pdf>

- Jain, Uday. 2012. Cultural Construction Of Environmental Problems. *Procedia-Social and Behavioral Sciences*, 68, 6-15. ASIA Pacific International Conference on Environment-Behaviour Studies Mercure Le Sphinx Cairo Hotel, Giza, Egypt, 31 October 2 November 2012 retrieved from doi: 10.1016/j.sbspro.2012.12.202
- Junus, Umar. 1986. *Sosiologi Sastra: Persoalan Teori dan Metode*. Kuala Lumpur: Dewan Bahasa dan Pustaka.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Kurniawan, Heru. 2012. *Teori Metode dan Aplikasi Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Makaryk, Irene Rima. 1993. *Encyclopedia of Contemporary Literary Theory: Approaches, Scholars, Terms*. London: University of Totonto Press.
- Mulder, Niels. 1992. *Individual and Society in Java-A Cultural Analysis*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Munawar, Bushra. 2016. Structuralistic Analysis of the Poem “The Stone Chat” by Taufeeq Rafat in perspective of Binary Opposition. *International Journal of Applied Linguistics & English Literature* Vol. 5 No. 4; July 2016 retrieved from <http://dx.doi.org/10.7575/aiac.ijalel.v.5n.4p.122>
- Murtisari, Elisabet Titik. 2013. *Some Traditional Javanese Values in NSM: From God to Social Interaction*. *International Journal of Indonesian Studies*, Vol 1(110-125).
- Nurlaeli, Lida. 2011. *Topikalisasi Wacana Geguritan dalam Antologi Bledheg Segara Kidul Karya Turiyo Ragilputra*. Skripsi. Universitas Negeri Semarang.
- Nur Ridha, Dian Annisa. *Pandangan dunia Dalam Novel Noruwei No Mori Karya Murakami Haruki: Analisis Strukturalisme Genetik Lucien Goldmann*. *Izumi*, vol. 1, no. 1, Jan. 2013 retrieved from <https://ejournal.undip.ac.id/index.php/izumi/article/view/6226/5260>
- Prabowo, Dhanu Priyo. 2013. *Problematika Dunia Kepengarangan Sastra Jawa Periode 1980—1997: Sebuah Studi Kasus*. *Jurnal Metasastra* volume 6 no 2 tahun 2013 retrieved from <http://ejournalbalaibahasa.id/index.php/metasastra/article/view/93/75/>.
- Pradopo, Rahmat Djoko. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik dan Penerapannya*. Jakarta: Pustaka Pelajar.
- Ragilputra, Turiyo. 2007. *Bledheg Segara Kidul-Antologi Geguritan (1987-2007)*. Yogyakarta: Gema Grafika.

- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, Dan Teknik Penelitian Sastra (Dari Strukturalisme Hingga Postrukturalisme, Perspektif Wacana Naratif)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rosyidi, M. Ikhwan, dkk. 2013. *Analisis Teks Sastra*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sangidu. 2004. *Penelitian Sastra, Pendekatan, Teori, Metode Teknik dan Kiat*. Yogyakarta: Unit Penerbitan Sastra Asia Barat Fakultas Ilmu Budaya Universitas Gajah Mada.
- Sarjana Hadiatmaja dan Kuswa Endah. 2009. *Pranata Sosial dalam Masyarakat Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah.
- Satiyoko, Yohanes Adhi. 2019. *Rekonsiliasi Tanah Kelahiran Dalam Dua Puisi Iman Budhi Santosa*. Jentera: Jurnal Kajian Sastra, 8 (1), 88—112, <https://doi.org/10.26499/jentera.v8i1.1063>
- _____. 2012. “Wong Jawa” dalam geguritan “Serere Adhuh Lae” karya Turiyo Ragilputro dan “Siter Gadhing” karya Djaimin Kariyodimejo”. Prosiding. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta
- Semi, Atar. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Siswanto, Dwi. 2010. *Pengaruh Pandangan Hidup Masyarakat Jawa Terhadap Model Kepemimpinan (Tinjauan Filsafat Sosial)*. Jurnal Filsafat, 20(3), 197-216. dari <http://journal.ugm.ac.ud/wisdom/article/viewFile/3419/9380>
- Sudrajat, Djoko Suryo, & Dwi Siswoyo. 2018. *Moral Values of Javanese Leader in Serat Wedhatama*. Asian Social Science; Vol. 14, No. 3; 2018 retrieved from <https://doi.org/10.5539/ass.v14n3p49>
- Sumarsono, HR. 2017. *Mengkritisi Aporisma Orang Jawa*. Bekasi: Media Maxima.
- Sunanda, Adyana. 2015. *Pandangan Masyarakat Tentang Sistem Kekuasaan Sosial Dan Politik (Kajian Terhadap Cerpen Yang Berjudul “Paman Gober” Karya Seno Gumira Ajidarma Perspektif Strukturalisme-Genetik)*. Kajian Linguistik Dan Sastra, Vol 27, No 2, Desember 2015, 114-125. retrieved from <http://journals.ums.ac.id/index.php/KLS/article/viewFile/4480/2892>
- Supeni, Siti saha Kundharu Saddhono. 2013. *Cognitive Behavior Has Replaced The Javanese Traditional Values In Global Era*. Asian Journal Of Management Sciences And Education Volume 2 No. 2 (156-162) retrieved from www.ajmse.leena-luna.co.jp

- Supriyadi, Bambang, Budi Sudarwanto, Hermin Werdiningsih. 2012. *In Search of the Power of Javanese Culture against the Cultural Urbanization in Kotagede, Yogyakarta-Indonesia*. *Procedia - Social and Behavioral Sciences* 68 (676–686). ASIA Pacific International Conference on Environment-Behaviour Studies Mercure Le Sphinx Cairo Hotel, Giza, Egypt, 31 October 2 November 2012 retrieved from doi: 10.1016/j.sbspro.2012.12.258
- Susanti, Susi, dkk. 2016. *Pandangan Dan Sikap Hidup Masyarakat Jawa Dalam Prosa Lirik Pengakuan Pariyem Karya Linus Suryadi Ag.* *Jurnal Pendidikan dan Pembelajaran Khatulistiwa* vol 5 no 2. diunduh dari <http://jurnal.untan.ac.id/index.php/jpdpb/article/view/13976>
- Suseno, Franz Magnis. 2001. *Etika Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Susetya, Wawan. 2016. *Pemimpin Masa Kini dan Budaya Jawa*. Jakarta: Elex Media Komputindo.
- Sutardi, Herman J. W, Retno Winarni, Nur Eko Wardani. 2013. *The Study of Genetic Structuralism, Gender, and Values of Education in Trilogy Novel Gadis Tangsi by Suparto Brata*. *Online International Interdisciplinary Research Journal*, (Bi-Monthly), ISSN2249-9598, Volume-III, Issue-V. dari www.oijrj.org
- Suwondo, Tirta. 2011. *Sastra Jawa dan Sistem Komunikasi Modern*. Yogyakarta: Gama Media.
- Swingewood, Alan & Christoper D. Ward. 1987. *Sociological Poetics And Aesthetic Theory*. Palgrave Macmillan UK Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Wellek, Rene & Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama (diIndonesiakan oleh Melani Budianta).
- Widati, Sri. 2001. *Ikhtisar Perkembangan Sastra Jawa Modern Periode Kemerdekaan*. Yogyakarta: Kalika Press.
- Wiyatmi. 2013. *Sosiologi Sastra – Teori dan Kajian terhadap Sastra Indonesia*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

LAMPIRAN

Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega

Ujaring kandha kita iki wis mardika. Lemah warisane
kaki-nini awujud sesotya murni. Ya, kaya babad Ayodya.
Lemah kufur dadi subur tlatah nela dadi raja. “Iku turuning
pujangga, sang raja gung binathara.” Lembut ngungkuli tirta
agal ngluwihi sela.

“Ya”

Ah...apa sing dinama

“*Merdeka!*” Ya, kita wis suwe mardika. Bisa nebah dhadha
pamer kamakmuran. Gumuyu ngakak nembang kaelokan.

Ya, gagah kaya pahlawan sing nyangking mustaka satru.

Manggul bambu runcing maju aprang tandhing

“Jepang nglumpruk.” Hiroshima...Nagasaki

Blarr! ajur saperangan jagad

Negara vakum, kahanan komplang, paprentahan suwung

“*Horeee... kita merdeka.*”

“*Merdeka!*”

Mardika ateges urip

Urip ateges mbangun

Mbangun ateges makmur

Makmur ateges ... “Oh...Gusti. Aku saanak bojo lagi

bisa ngimpi mangan wareg turu taneg.

Aku durung bisa nembang kamakmuran. Aku durung bisa ngidung keadilan.

Aku durung bisa ...”

Ya, tanpa kaca paesan kita bisa ndulu kasunyatan

asu herdher pakanane daging

bocah ndesa trima mangan gaplek garing

o, jagad

akeh pejabat dadi laknat

ah, tobat

kadang pesisir urip kesrakat

“Nanging penyair tan duwe wewenang apa-apa.” Lumaku

tanpa suku jumangkah tanpa arah

Tragis

juru gurit dadi kaya asu kudhis

“minggat...!”

(Lan iku pungkasaning babad). Penyair dadi prajurit pinidana.

Urip ndhekem cangkem dibungkem. Trima dadi tukang satang

tinimbang tiba krungkeb tinendhang

Ya ... penyair mati tanpa ninggal warisan

awit wani sanggama mung lawan ukara

“Kenikmatan semu!”

--sauntara tangga teparo mung urun panyenges esem lan guyu—

O, nelangsane nasib penyair. Urip mung saderma netepi jangkaning fitrah.

Idhealisme gabar dadi banyu uyuh.

Asil karya mung bisa ngrenggani tong-tong uwuh.

: guritan ora luwih saka jamur onani!

Ya ... penyair ora liya golek pujan
 sing mbungkem dhewe cangkeme
 sing nutup dhewe mripate
 sing mbanda dhewe tangane
 sing ngerut dhewe sikile
 sing nyumpel dhewe kupinge
 Ya ... penyair ora liya senapati fakir
 sing ngucap nganggo tangane
 sing mandeng nganggo jiwane
 sing krungu nganggo rasane
 sing jumangkah nganggo pikire
 sing nangis nganggo atine
 Ya ... penyair iku paraga kraman kapatrapan ukum kendharat
 : tanpa bisa sambat apa maneh gugat!
 Kamangka penyair iku sejatine malaikat sing manjalma liwat angin.
 Ngumbara turut lurung – nenasak alang-alang
 panguripan – nglelipur kupu kang mabur kijenan,
 ngarasi godhong lan kekembangan
 nanging apa sing bisa dikandha
 nalika penyair kebanjiran penduwa lan pandakwa
 ati nangis kanthi tetes eluh ludira, jangkah mandheg
 mangu awit kesrampung, kesandhung
 prasangka lan panyapa
 : bokmenawa iki dina isih ana kawula sing durung bisa mangan sega
 Ah, penyair
 satriya wirang kabotan pamikir
 urip kaperdi jroning kendharat
 sugih puisi bandha mlarat!

Ambal Kebumen, Juli 1990
(Panjebar Semangat, No. 34 – Tgl 18 Agustus 1990)

Kidung Kamardikan

Teja mencorong, o, teja mencorong
 cumlorot ngelus pucuk-pucuk gunung lan gisik-gisik samodra
 nigas kaca cendhela, nrabas lemah cengkar lan ara-ara
 Ironing jiwa – bangkit – tumanceb ing bumi kinasih
 nyawiji bareng swara pratelane Soekarno-Hatta
 : Merdeka!
 Manuk prenjak ngoceh
 canthas lan gandhang!
 Kembang-kembang mekar
 arum lan endah!
 Dumeling kidung puja lan pamuji
 nguntabake jiwa lan ruh
 njejegake pancadan donga-donga
 dalam unggahan tumrap ngumbarane kusuma bangsa
 Nanging pratandha apa iki?
 langit nangis, jagad kelu
 ing angkasa srengenge kamangsa grahana
 Lemah geter, bumi pater, s'modra ketaman prahara
 ana lindhu
 ana lemah longsor
 ana pageblug
 ana wangke mbarang amuk
 Ah, kelakon apa iki?
 perang?
 gara-gara?
 Kiyamat?
 utawa pemuat???
 Ya, iki pemuat
 awit saka kaca cendhela sing binuka kita weruh
 Manungsa kang tumindak mung nganggo lambene
 Manungsa kang asih mung nganggo ilate
 Manungsa kang krungu mung nganggo kupinge
 Manungsa kang welas mung nganggo critane
 Manungsa kang aweh mung nganggo janjine
 Manungsa kang tirakat mung nganggo lageyane
 Ana manuk gagak mabur
 kekalang nyilang arah keblat
 ijenan dheweke nantang arah tiyupan angin!
 Ya Allah, mripate pendirangan
 ganep karo cucuke kang landhep
 lan cengkremen kukune
 kaya bakal nglebur bumi kinasih
 Ya Allah, pralambang apa iki?
 Ah, ya, kita pancen wis mardika
 nanging waspadakna
 bocah lanang sing nigas dalam kae

sing mikul damen garing kae
 mripate, oh, mripate
 kudu netesake eluh kanggo ngucap
 : M...e...r...d...e...k...a...!
 Para among tani sing mikul pacul kae
 sing gupak lumut lan lendhut kae
 wetenge, oh, wetenge
 kudu kecet lawan geger kanggo ngucap
 : M...e...r...d...e...k...a...!
 Bocah lola sing ngumbara ing lurung-lurung kae
 sing tanpa juntrung upa jiwane kae
 badane, oh, badane
 kudu nglumpruk kanggo ngucap
 : M...e...r...d...e...k...a...!
 Ya Allah
 aling-alingana jantrane titah-titah sing kasisih
 sing tapak lan tilase ilang kasaput lebu
 bumi kinasih iki
 Sing ilang saka gumruhe surak :
 Merdeka!

Ambal Kebumen, Agustus 1991
(Panjebar Semangat No. 34 – tgl 22 Agustus 1992)

Guritan Bocah-Bocah kang Ilang

Napasku krungkep ing aspal panas
 Nyapu-nyapu bumi aking
 Mrucut saka wengkuning rasa
 Gumlundhung kapidak playuning turangga
 Adhuh mripat, menyang endi panyawang iki kudu sumawat
 Marang langit sing sedhah lan nangis?
 Marang lintang sing rontok lan kontal?
 Marang srengenge sing manggal iga dhadha?
 Atiku kalebur kawah panas
 Sirahku nglokop kasiram luh tangis rembulan
 Tanganku kelu, guritku rontok, pangrasaku
 Kalabur bledug
 Saiki aku ing kene
 Ngadeg nganggo sasisih sikil sing ketaton
 Remuk kalindhes rodha-rodha jaman
 Mumur kalebur owah gingsir peradaban
 Ya Allah, perihe sikil iki nguwot bolah panas
 Buntung kabeh driji-drijiku
 Tugel kabeh ros-ros tanganku
 Nanging yagene mripat iki suthik merem
 Ndulu kaelokaning jagad?
 Yagene guritku panggah njerit
 Nyaritakake titah ringkih sing kajepit?
 Kepengin aku crita marang George Bush ing Amerika
 Marang Michael Gorbachev ing Uni Soviet
 Lan Thosiki Kaifu ing Jepang
 Bab bocah lola sing lumaku tekanan biting garing
 Among tani sing nyiram tanduran nganggo tetesan eluh
 Utawa nini-nini sing akudhung caping godhong nangka garing
 Ah, kayangapa njomplang demokrasi iki sejatine
 Kayangapa garuhe langgam glasnot lan perestroika
 Kayangapa panase politik dumping ing teleng jantung
 Umep iki uteg
 Rontok iki rambut
 Lebur iki rasa
 Donya dadi jurang kasangsaran
 Upama aku duwe kanca ing Amerika
 Pengin crita prekara kacingkrangan umat ing Afrika
 Tinimbang nonton televisi sing nyiarake film koboy
 Upama aku duwe kanca ing Uni Soviet
 Pengin crita prekara suket sing thukul sundhul langit
 Tinimbang ndeleng gambar kembang-kembang sing alum
 Upama aku duwe sedulur ing Jepang
 Pengin crita prekara bocah lola ing emper toko
 Tinimbang gumuruhe lindhesan rodha-rodha ekonomi
 Nanging aku bisa tumindak apa?

Tanganku buntung, sikilku ketlikung, sirahku katelung
Aku mung bisa njerit nganggo suwara batin
Ah, pratandha apa iki?
Ana udan tumurun saka langit
Umob lan panas!
Nanging aku ora bisa tumindak apa-apa
Guritku mung bisa ambrol saka lembaran grahita
Lan musna kagulung samodra

*Ambal Kebumen, Agustus 1991
(Jaya Baya, No. 5 - tgl 29 September 1991)*

Merga Dakpilih Dheweke

Merga dakpilih dheweke
 : bocah lola sisane perang
 dudu tangise, nanging panampane marang takdir
 Merga dakpilih dheweke
 : bocah padesan anak jaman
 dudu guyune, nanging tembung-tembung kebak kalucon
 Merga dakpilih dheweke
 : para among tani kurban modhernisasi
 dudu eluhe, nanging pangrengkuhe marang kodrat
 Merga dakpilih dheweke
 : kuli panggul lebuning dalan aspal
 dudu rosane, nanging kringete kanggo pangabdian
 Merga dakpilih dheweke
 : titah fakir kembang prikamanungsan
 dudu critane, nanging sumarahe marang nasib
 Merga dakpilih dheweke

Ambal Kebumen, Oktober 1991
(Jaya Baya, No. 10 – tgl 2 November 1991)

Donga Bocah Piatu

Gusti, durung kober dakrukti jisime ibu
 sing mati kaliren ing pinggir dalam
 mati kaku marga ngrungkebi sesantine tembang kamakmuran
 “Iki jaman mardika. pembangunan ginelar kanggo kamulyan para kawula”
 (nanging apa urip cukup wareg mangan sesorah
 sedheng para pepriman isih pating slarah)
 gusti, upama aku entuk blaka
 wiwit wingi weteng iki durung klebon sega
 senajan ujaring kandha kita iki wis mardika
 pembangunan dadi program kapisan, kemakmuran
 janji manis saka kabeh pengendhali lis peprentahan
 “nanging apa cukup manungsa mung urip karo janji
 sedheng kacintrakan tansah mbujung urip iki?”
 Gusti, najan wis dakgawa kabeh sanggan panandhang
 Menyang endi kudu nglabuhake kesurange nasib
 Kamakmuran iki panggah angel diranggeh
 Sagagang kembang cempaka uga wis kadhung alum
 Sadurunge kober daksawurake ing makame ibu
 Sing dadi kurban atas nasib sapait rempelu

Ambal Kebumen, Nopember 1993
(Djaka Lodang, No. 21 – tgl 22 Oktober 2003)

Intermezo Kabagyan

Kita bae sing jail methakil
 drengki, srei, lan seneng ngumbar rasa serik ati
 Dumeh tangga pasang antene parabola
 dhadha kumetab pindha turangga njola
Papi, tipi kite nyang item putih
buangin aje di tong sampah
dan papi langsung beli tipi kolor
tape deck, video game, en stick golp
Kite moncer, bisa pasang bibir dower
en kite bisa ge-er

Kanca kantor mas-masan, ati kemranyas
 kaya sira ora nate kramas
 “Mas, mbok utang ing koperasi
 waton nicil saben sasi
 ora bakal dilaporke marang polisi
 Aku bisa macak trendhi, najan pegawe negeri
 yen srawung ora ngisin-isini
 Macak sigrak wani anggak
 ora kuwatir diina gagak”
 (O, jaman edan
 akeh wong lanang tumindak bilulungan
 ajar korupsi sinau manipulasi
 najis haram ora perduli
 nampa sogok dhuwit wedok
 sing penting bisa ngiseni ambane gandhok)
 O, kadang
 bakul dawet kae
 sing mikul dagangan pentheyotan adus riwe
 batine pasrah nampa garitan takdir
 panggah lumaku turut dalam mlipir-mlipir
 udan-panas ketiga-rendheng ora dipikir
 geperongan tetembangan nglipur ati
 galik-galik sajak ngudang sewu wewadi

Sayektine kabagyan puniki
 sanepane wewayangan angga
 kaya langit lir-pamane
 datan bisa tinepus
 tansah musna yen diupadi
 tur maneh yen dijangka
 temtu tansah mrucut
 kabagyan kudu dicipta
 linandhesan manah luhur tulus suci
 pasrah ing panarima
 Jaman mbambung, jamane wong seneng nggemblung

watak duraka patrap culika bedhigasan pindha duratmaka
 : sing gedhe dikudang-kudang
 sing cilik malah ditendhang
 gunung dhuwur diurugi
 jurang cerung dikedhuki
 O, wong gendheng ora enyeng
 bisa leren yen dikampleng!
 (pak ketipak-tipak tipung
 pak ketipak-tipak tidhung
 jamane nepsu diugung
 dalam alus sikil kesandhung)

Delengen wong-wong sing kepeksa dadi tumbal pembangunan kae
 sing kudu kelangan kamardikan lan upa jiwane
 urip ing negarane dhewe kudu sumingkir saka tanah kelairan
 dadi rakyat pinggiran kanthi status warga bedholan
 sadumuk bathuk aji dhiri wis kebacut musna kablithuk
 tegal sawah sanyari bumi dilalap petani menganggo dhasi
 : Apa sliramu ora nate menggalih, kadang
 tindak lelungan tansah didhabyang?
 -iku sawijine pakurmatan sing regane larang!
 Apa sliramu ora mangerteni, kadang
 titah ringkih sing uripe tansah binuwang?
 -iku wujud anak-anak jaman sing kalah perang!
 Etungen, etungen nganggo akal lan manah luhur
 sapa sing luwih pantes disebut pahlawan
 sapa sing kudu dipetung minangka pengabdian pembangunan
 : Aja gumampang ngarani mbalela yen ana kawula cilik murka
 Aja gumampang nibakake pandakwa yen ana titah mbalela
 Aja gumampang pamer purba wasesa marang titah sing dadi dakwa
 Aja gumampang ngrasa adil paramarta yen mung wasis micara
 Aja gumampang njaluk pangalembana yen mung pinter nendra
 Awit kamakmuran ora cukup ginambar ing pajangan
 Awit keadilan ora dumunung ing endahing pamikiran
 Awit pembangunan ora ateges ngrusak tatanan
 Awit pemerataan ora cukup sekadar ngluwesake kawicaksanan
 Awit pangentasan kamalaratan ora mung dumunung ing slogan :

Kabeh janji kudu sarwa kinanthenan bukti
 kaya banyu kali sing mili turut gumuk lan pasawahan
 kamardikan lagi nduweni teges yen ora ana tangis kacintrakan

O, sliramu sing kedanan bandha-donya
 aja ngimpi bisa nemokake dununge kabagyan
 yen ora bisa nyipta katentreman ing kedhung iman!

*Ambal Kebumen, Pebruari 1994
 (Pagagan, No. 19/ III/ 536 tahun 1994)*

Aku Nglukis ing Sayuta Langit

Delengen aku nglukis ing sayuta langit
kebak warna abang sing cinipta saka getih jaman luput ngandhut
banjur nindakake aborsi kanthi nguntal pil lintang
guguran getihe dakwadhahi genthong angen-angen kagelan
dene kuwase dakcipta nganggo rambut gunung njeblug
lan warna-warna endah liyane cinipta saka pecahan raga
nasib para glandhangan sing kasingkir merga impen
para pamuja patung adipura
O, kadang-kadangku sing ora nate bosen nyawang lukisan
delengen lukisanku ing sayuta langit kae
kebak akrilik mata nangis, tangan nyadhong, lan sandhangan
Pating sranthil!
warna-warnane banget naturalis awit dumadi saka nyawa-nyawa
sing pecat tanpa dosa

*Ambal Kebumen, Oktober 1996
(Panjebar Semangat, No. 30 – tgl 22 Juli 2000)*

Kali Luk Ula

kali luk ula
 kali tukung jiwa
 kali lesunge raga
 kali napase kawula
 wedhi krikil watu sarahan
 tangen bobote yen kanggo sembranan

wedhi wis dadi susu tumrap bayi-bayi
 krikil wis dadi ganjel weteng kawula sing kaungkil-ungkil
 watu dadi pangane titah sing wajib nyembah ratu
 kali luk ula kali tukung pangupajiwa
 crita melok kadang sing uripe banget rekasa
 kali luk ula kali sungsume jiwa raga
 kali kendhile kawula papa
 kali luk ula dudu kali bahan seminar
 dudu barang dagangan sing diedol ing pasar
 kali luk ula dudu kali tontonan
 dudu papan kanggo jejogedan
 kali luk ula dudu warisan kanggo rebutan
 dudu nyamikan kanggo bancakan
 :kringet riwe pingget gulune
 rakyat gumantung marang iline
 yagene kali luk ula didadekake kartu cekik
 banyune diombe kaya tuak lan brendhi?

kali luk ula dudu tampar demokrasi
 dudu panjiret sing bisa dipolitisasi
 kali luk ula sumbering pangupajiwa
 aja dibroki kemreki utawa tuma
 toгна kali luk ula mili miturut kodrate
 kareben kawula cilik bisa ngrasakake asil tetese riwe
 najan kaya apa wujud panguripan
 tinimbang mider turut lurung dadi pepriman

*Ambal Kebumen, Januari 1997
 (Panjebar Semangat, No. 17 – tgl 26 April 1997)*

Kebumen

Mung kari tunggak lan balung-balung bungkek
 kapanggih panas kasapu lesus
 watu krakal mili mlebu jroning usus

Tanpa tabet winih guritan sing nate dak dhedher
 nalika tangan iki isih nyekel layang piyandel
 o, mitraku
 kapan bakal daksasak alang-alang
 kapan daktemu cangkir teko wadhahe wedang
 awit kabeh wis kipa-kipa marang kidung segara
 marang lembute laras budaya

Mung kari uwuh lan kawat-kawat rongsokan
 plastik-plastik mawa racun jinereng ing sampiran
 uga sliramu
 katungkul lelangen ing banyune kali luk ula
 milih brendhi wisiki tinimbang legen gula jawa

Kebumen, bareng gogroge kembang-kembang randhu
 gogrog uga pangarep-arep ing pange kalbu

Ambal Kebumen, Mei 1997
(Jaya Baya, No. 46 – tgl 13 Juli 1997)

Kanca Lawas

kanca lawas sing dakpethuki ing prapatan
 awake kuru pundhake mikul buntelan
 “arep menyang endi mitraku?
 nggoleki rodha ekonomi sing mru cut saka porose
 lan tatanan sing mung bisa ngerut wong kere?”
 (godhong-godhong gogrog saka pang
 awakmu kabur kaya kapuk kumleyang)
 yen pengin bukti aja takon marang manungsa
 aja takon mentri bupati camat apamaneh sing
 paling kuwasa
 luwih becik takokna marang bocah angon kae
 kayangapa urip dadi kaya ngene rekasane
 rega-rega dadi rante wesi
 pranatan mujud dadi memedi

“Aku lagi nggoleki tlacaking kamardikan
 nalika bocah-bocah bumi iki labuh marang negara
 ora butuh dhuwure pangkat tumumpuke bandha”
 (sliramu banjur lungguh
 bokmenawa ana angin liwat sing mesem lan mbagekake
 yogene ing negara sing kondhang adil makmur iki
 isih akeh wong mlarat lan kere)

weruh lakune kanca lawas
 sing bandhane mung kari napas
 kaya ana sewu dom nunjemi maras

weruh wong-wong neneka
 sing biyen teka saka tlatah manca
 mung kari ngisis ing jaman mardika
 lan numpuk bandha ngrangkul panguwasa
 kaya umob iki nala

*Ambal Kebumen, Pebruari 1998
 (Jaya Baya, No. 31 – tgl 5 April 1998)*

Ironi Kamardikan

Ora liya sesorah ing dina pengetan
 Sing kanthi swara sora ganter-ganter pindha panantang
 Ngelingake tekade para prajurit
 “Kita telah merdeka
 Pembangunan adalah tanggungjawab bersama
 Atas nama pengorbanan kita mesti ikhlas melakukannya”
 (lan kaya pangon sapi
 sangune tudung musyawarah kanthi pecut demokrasi)
 Ora liya sesorah ing dina pengetan
 Rinonce endah kayadene kalung barleyan
 Rinasa seger sarandhuning awak
 Sumringah kayadene jamu temu lawak
 Ngelus-elus kebak kalembutan njanjekake kanikmatan
 Gawe ngantuk kaya bayi ing bandulan
 Bangsa iki pancen wis suwe merdika
 Uwal saka penjajahan ucul saka cengkremen kasangsaran
 Nanging apa nate dipikir lan dirasa
 Pangurbanan iku sejatine mung dadi sumber crita
 Dadi trompah lan kesed ing omahe para punggawa praja?
 Bangsa iki pancen wis suwe merdika
 Uwal saka rante penjajahan
 Urip jroning jaman pembangunan
 Nanging apa nate dicathet lan dietung
 Dina-dina terus bae kebak papa lan cintraka
 Keperihan lan kawengisan terus bae disandang para kawula?
 Sejatine bangsa iki wis ora duwe pangrasa
 Sing mbungkem dhewe cangkeme lan bisa omong nanging bisu
 Sing nutup dhewe mripate lan bisa mandeng nanging wuta
 Sing mbanda dhewe tangane lan bisa ngranggeh nanging buntung
 Sing ngerut dhewe sikile lan bisa tumindak nanging lumpuh
 Sing nyumpele dhewe kupinge lan bisa krungu nanging budheg!
 Ora liya sesorah ing dina pengetan
 Kanthi wirama agung kebak kaendahan
 Ngambar-ambar saka ndhuwur panggung tekan pucuk pagunungan
 “Saudara-saudara
 marilah kita lestarikan semangat perjuangan
 kita isi kemerdekaan dengan pembangunan
 kita angkat rakyat jelata dari jurang kemiskinan
 Saudara-saudara
 Hargailah jasa para pahlawan
 Marilah kita bangun bangsa ini dengan etos pengorbanan
 Kita wujudkan masyarakat adil dan merata
 Demi terciptanya negara yang makmur dan sejahtera”
 (nanging sapa bae wis uninga
 kandela garis ireng kamiskinan
 ora bisa dibusek mung nganggo janji lan slogan

sapa bae bisa dadi seksi
tumrap oyod-oyod kolusi lan korupsi
sing tumanjem kukuh ing bumi pertiwi!
Tikus lan babi
Ama lan durjana
Terus bae rebutan bandhane negara!
Lemah putih lemah abang
Jantung Merauke getih Sabang
Timbulna saka guwa garbamu jiwa-jiwa sing tulus suci
Kawula-kawula sing teguh nyekel janji
Raja-raja sing kukuh nancebake sesanti
Nyipta wadhas dadi emas
Ngripta rintih tangisan dadi tembang guritan
Iki ironi kamardikan
Sawise ucul saka rante penjajahan
Nasibe rakyat dadi pakane macan-macan!

(Pagagan, No. 39, 27 Juni 1999)

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
1	Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega	<p>Ujaring kandha kita iki wis mardika. Lemah warisane kaki-nini awujud sesotya murni. Ya, kaya babad Ayodya.</p> <p>Lemah kufur dadi subur tlatah nela dadi reja. “Iku turuning pujangga, sang raja gung binathara.” Lembut ngungkuli tirta agal ngluwihi sela.</p> <p>“Ya”</p> <p>Ah...apa sing dinama “Merdeka!” Ya, kita wis suwe mardika. Bisa nebah dhadha pamer kamakmuran. Gumuyu ngakak nembang kaelokan.</p> <p>Ya, gagah kaya pahlawan sing nyangking mustaka satru.</p> <p>Manggul bambu runcing maju aprang tandhing</p> <p>“Jepang nglumpruk.” Hiroshima...Nagasaki Blarr! ajur saperangan jagad</p> <p>Negara vakum, kahanan komplang, paprentahan suwung</p>	<p>Kamardikaning nagari ingkang dereng saged dipunraosaken dening ‘wong cilik’</p>	<p>sikap mawas dhiri</p>	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>“Horeee... kita merdeka.” “Merdeka!” Mardika ateges urip Urip ateges mbangun Mbangun ateges makmur Makmur ateges ... “Oh...Gusti. Aku saanak bojo lagi bisa ngimpi mangan wareg turu taneg. Aku durung bisa nembang kamakmuran. Aku durung bisa ngidung keadilan. Aku durung bisa ...”</p>			
2	Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega	<p>Ya, tanpa kaca paesan kita bisa ndulu kasunyatan asu herdher pakanane daging bocah ndesa trima mangan gapplek garing o, jagad akeh pejabat dadi laknat ah, tobat kadang pesisir urip kesrakat</p>	Kahanan ekonomi ‘wong cilik’	gesang narima	
3	Mbokmenawa Iki Dina Isih Ana Sing Durung Mangan Sega	<p>“Nanging penyair tan duwe wewenang apa-apa.” Lumaku tanpa suku jumangkah tanpa arah</p>	Kahanan penyair minangka	sikap mawas dhiri	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>Tragis juru gurit dadi kaya asu kudhis “minggat...!” (Lan iku pungkasaning babad). Penyair dadi prajurit pinidana. Urip ndhekem cangkem dibungkem. Trima dadi tukang satang tinimbang tiba krungkeb tinendhang Ya ... penyair mati tanpa ninggal warisan awit wani sanggama mung lawan ukara “Kenikmatan semu!” --sauntara tangga teparo mung urun panyenges esem lan guyu— O, nelangsane nasib penyair. Urip mung saderma netepi jangkaning fitrah. Idhealisme gabar dadi banyu uyuh. Asil karya mung bisa ngrenggani tong-tong uwuh. : guritan ora luwih saka jamur onani! Ya ... penyair ora liya golek pujaan sing mbungkem dhewe cangkeme sing nutup dhewe mripate sing mbanda dhewe tangane</p>	<p>‘wong cilik’ ing negara mardika</p>		

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>sing ngerut dhewe sikile sing nyumpel dhewe kupinge Ya ... penyair ora liya senapati fakir sing ngucap nganggo tangane sing mandeng nganggo jiwane sing krungu nganggo rasane sing jumangkah nganggo pikire sing nangis nganggo atine Ya ... penyair iku paraga kraman kapatrapan ukum kendharat : tanpa bisa sambat apa maneh gugat! Kamangka penyair iku sejatine malaikat sing manjalma liwat angin. Ngumbara turut lurung – nenasak alang- alang panguripan – nglelipur kupu kang mabur kijenan, ngarasi godhong lan kekembangan nanging apa sing bisa dikandha nalika penyair kebanjiran penduwa lan pandakwa ati nangis kanthi tetes eluh ludira, jangkah mandheg</p>			

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>mangu awit kesrimpung, kesandhung prasangka lan panyapa : bokmenawa iki dina isih ana kawula sing durung bisa mangan sega Ah, penyair satriya wirang kabotan pamikir urip kaperdi jroning kendharat sugih puisi bandha mlarat!</p>			
4	Kidung Kamardikan	<p>Teja mencorong, o, teja mencorong cumlorot ngelus pucuk-pucuk gunung lan gisik-gisik samodra nigas kaca cendhela, nrabas lemah cengkar lan ara-ara Jroning jiwa – bangkit – tumanceb ing bumi kinasih nyawiji bareng swara pratelane Soekarno-Hatta : Merdeka! Manuk prenjak ngoceh canthas lan gandhang! Kembang-kembang mekar arum lan endah! Dumeling kidung puja lan pamuji</p>	Gesanging manungsa ingkang sesambetan kaliyan alam	eling lan waspada	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		nguntabake jiwa lan ruh njejegake pancadan donga-donga dalam unggahan tumrap ngumbarane kusuma bangsa Nanging pratandha apa iki? langit nangis, jagad kelu ing angkasa srengenge kamangsa grahana Lemah geter, bumi pater, s'modra ketaman prahara ana lindhu ana lemah longsor ana pageblug ana wangke mbarang amuk Ah, kelakon apa iki? perang? gara-gara? Kiyamat? utawa pemut??? Ya, iki pemut awit saka kaca cendhela sing binuka kita weruh Manungsa kang tumindak mung nganggo lambene			

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		Manungsa kang asih mung nganggo ilate Manungsa kang krungu mung nganggo kupinge Manungsa kang welas mung nganggo critane Manungsa kang aweh mung nganggo janjine Manungsa kang tirakat mung nganggo lageyane			
5	Kidung Kamardikan	Ana manuk gagak mabur kekalang nyilang arah keblat ijenan dheweke nantang arah tiyupan angin! Ya Allah, mripate pendirangan ganep karo cucuke kang landhep lan cengkremman kukune kaya bakal nglebur bumi kinasih Ya Allah, pralambang apa iki? Ah, ya, kita pancen wis mardika nanging waspadakna bocah lanang sing nigas dalam kae sing mikul damen garing kae mripate, oh, mripate kudu netesake eluh kanggo ngucap	Kamardikan tumrap ‘wong cilik’	sikap mawas dhiri	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>: M...e...r...d...e...k...a...!</p> <p>Para among tani sing mikul pacul kae sing gupak lumut lan lendhut kae wetenge, oh, wetenge kudu kecet lawan geger kanggo ngucap : M...e...r...d...e...k...a...!</p> <p>Bocah lola sing ngumbara ing lurung-lurung kae sing tanpa juntrung upa jiwane kae badane, oh, badane kudu nglumpruk kanggo ngucap : M...e...r...d...e...k...a...!</p> <p>Ya Allah aling-alingana jantrane titah-titah sing kasisih sing tapak lan tilase ilang kasaput lebu bumi kinasih iki Sing ilang saka gumruhe surak : Merdeka!</p>			
6	Guritan Bocah-Bocah Kang Ilang	Napasku krungkep ing aspal panas Nyapu-nyapu bumi aking Mrucut saka wengkuning rasa	Perjuwangane penyair mbelani 'wong	ikhtiar	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>Gumlundhung kapidak playuning turangga Adhuh mripat, menyang endi panyawang iki kudu sumawat Marang langit sing sedhik lan nangis? Marang lintang sing rontok lan kontal? Marang srengenge sing manggal iga dhadha? Atiku kalebur kawah panas Sirahku nglokop kasiram luh tangis rembulan Tanganku kelu, guritku rontok, pangrasaku Kalabur bledug Saiki aku ing kene Ngadeg nganggo sasisih sikil sing ketaton Remuk kalindhes rodha-rodha jaman Mumur kalebur owah gingsir peradaban Ya Allah, perihe sikil iki nguwot bolah panas Buntung kabeh driji-drijiku Tugel kabeh ros-ros tanganku Nanging yagene mripat iki suthik merem Ndulu kaelokaning jagad? Yagene guritku panggah njerit</p>	cilik'		

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		Nyaritakake titah ringkih sing kajepit?			
7	Guritan Bocah-Bocah Kang Ilang	Kepengin aku crita marang George Bush ing Amerika Marang Michael Gorbachev ing Uni Soviet Lan Thosiki Kaifu ing Jepang Bab bocah lola sing lumaku tekanan biting garing Among tani sing nyiram tanduran nganggo tetesan eluh Utawa nini-nini sing akudhung caping godhong angka garing Ah, kayangapa njomplang demokrasi iki sejatine Kayangapa garuhe langgam glasnot lan perestroika Kayangapa panase politik dumping ing teleng jantung Umep iki uteg Rontok iki rambut Lebur iki rasa Donya dadi jurang kasangsaran Upama aku duwe kanca ing Amerika Pengin crita prekara kacingkrangan umat	kahanan gesanging masarakat gayut kaliyan kahanan sosial politik nagari	gesang narima	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		ing Afrika Tinimbang nonton televisi sing nyiarake film koboy Upama aku duwe kanca ing Uni Soviet Pengin crita prekara suket sing thukul sundhul langit Tinimbang ndeleng gambar kembang-kembang sing alum Upama aku duwe sedulur ing Jepang Pengin crita prekara bocah lola ing emper toko Tinimbang gumuruhe lindhesan rodha-rodha ekonomi			
8	Guritan Bocah-Bocah Kang Ilang	Nanging aku bisa tumindak apa? Tanganku buntung, sikilku ketlikung, sirahku katelung Aku mung bisa njerit nganggo suwara batin Ah, pratandha apa iki? Ana udan tumurun saka langit Umob lan panas! Nanging aku ora bisa tumindak apa-apa Guritku mung bisa ambrol saka lembaran grahita	Kahanan penyair minangka 'wong cilik' ing negara mardika	Sikap mawas dhiri	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		Lan musna kagulung samodra			
9	Merga dakpilih dheweke	<p>Merga dakpilih dheweke : bocah lola sisane perang dudu tangise, nanging panampane marang takdir</p> <p>Merga dakpilih dheweke : bocah padesan anak jaman dudu guyune, nanging tembung-tembung kebak kalucon</p> <p>Merga dakpilih dheweke : para among tani kurban modhernisasi dudu eluhe, nanging pangrengkuhe marang kodrat</p> <p>Merga dakpilih dheweke : kuli panggul lebuning dalam aspal dudu rosane, nanging kringete kanggo pangabdian</p> <p>Merga dakpilih dheweke : titah fakir kembang prikamanungsan dudu critane, nanging sumarahe marang nasib</p> <p>Merga dakpilih dheweke</p>	penyair kang mbelani ‘wong cilik’	Pasrah lan sumarah	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
10	Donga Bocah Piatu	<p>Gusti, durung kober dakrukti jisime ibu sing mati kaliren ing pinggir dalam mati kaku marga ngrungkebi sesantine tembang kamakmuran “Iki jaman mardika. pembangunan ginelar kanggo kamulyan para kawula” (nanging apa urip cukup wareg mangan sesorah sedheng para pepriman isih pating slarah) gusti, upama aku entuk blaka wiwit wingi weteng iki durung klebon sega senajan ujaring kandha kita iki wis mardika pembangunan dadi program kapisan, kemakmuran janji manis saka kabeh pengendhali lis peprentahan “nanging apa cukup manungsa mung urip karo janji sedheng kacintrakan tansah mbujung urip iki?” Gusti, najan wis dakgawa kabeh sanggan panandhang Menyang endi kudu nglabuhake kesurange</p>	Kahaman penyair minangka ‘wong cilik’	Eling marang Gusti	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		nasib Kamakmuran iki panggah angel diranggeh Sagagang kembang cempaka uga wis kadhung alum Sadurunge kober daksawurake ing makame ibu Sing dadi kurban atas nasib sapait rempelu			
11	Intermezo Kabagyan	Kita bae sing jail methakil drengki, srei, lan seneng ngumbar rasa serik ati Dumeh tangga pasang antene parabola dhadha kumetab pindha turangga njola <i>Papi, tipi kite nyang item putih buangin aje di tong sampah dan papi langsung beli tipi kolor tape deck, video game, en stick golp Kite moncer, bisa pasang bibir dower en kite bisa ge-er</i> Kanca kantor mas-masan, ati kemranyas kaya sira ora nate kramas “Mas, mbok utang ing koperasi waton nicil saben sasi ora bakal dilaporke marang polisi	Sipat gesanging manungsa, wong gedhe uga ‘wong cilik’ ing jaman modern	pasrah lan sumarah	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>Aku bisa macak trendhi, najan pegawe negeri yèn srawung ora ngisin-isini Macak sigrak wani anggak ora kuwatir diina gagak” (O, jaman edan akeh wong lanang tumindak bilulungan ajar korupsi sinau manipulasi najis haram ora perduli nampa sogok dhuwit wedok sing penting bisa ngiseni ambane gandhok) O, kadang bakul dawet kae sing mikul dagangan pentheyotan adus riwe batine pasrah nampa garitan takdir</p>			
12	Intermezo Kabagyan	<p>panggah lumaku turut dalam mlipir-mlipir udan-panas ketiga-rendheng ora dipikir gegerongan tetembangan nglipur ati galik-galik sajak ngudang sewu wewadi</p>	lakon gesangipun ‘wong cilik’	ikhtiar	
13	Intermezo Kabagyan	<p>Sayektine kabagyan puniki sanepane wewayangan angga kaya langit lir-pamane datan bisa tinepus</p>	Pamawase penyair marang kabagyan lan	Gesang narima	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>tansah musna yen diupadi tur maneh yen dijangka temtu tansah mrucut kabagyan kudu dicipta linandhesan manah luhur tulus suci pasrah ing panarima Jaman mbambung, jamane wong seneng nggemplung watak duraka patrap culika bedhigasan pindha duratmaka : sing gedhe dikudang-kudang sing cilik malah ditendhang gunung dhuwur diurugi jurang cerung dikedhuki O, wong gendheng ora enyeng bisa leren yen dikampleng! (pak ketipak-tipak tipung pak ketipak-tipak tidhung jamane nepsu diugung dalam alus sikil kesandhung)</p>	<p>kahananing jaman</p>		
14	Intermezo Kabagyan	<p>Delengen wong-wong sing kepeksa dadi tumbal pembangunan kae sing kudu kelangan kamardikan lan upa</p>	<p>Gregete penyair mbelani 'wong</p>	<p>Gesang narima (Narima ing pandum)</p>	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		jiwane urip ing negarane dhewe kudu sumingkir saka tanah kelairan dadi rakyat pinggiran kanthi status warga bedholan sadumuk bathuk aji dhiri wis kebacut musna kablithuk tegal sawah sanyari bumi dilalap petani menganggo dhasi : Apa sliramu ora nate menggalih, kadang tindak lelungan tansah didhabyang? -iku sawijine pakurmatan sing regane larang! Apa sliramu ora mangerteni, kadang titah ringkih sing uripe tansah binuwang? -iku wujud anak-anak jaman sing kalah perang! Etungen, etungen nganggo akal lan manah luhur sapa sing luwih pantes disebut pahlawan sapa sing kudu dipetung minangka pengabdi pembangunan : Aja gumampang ngarani mbalela yen ana	cilik'		

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		kawula cilik murka Aja gumampang nibakake pandakwa yen ana titah mbalela Aja gumampang pamer purba wasesa marang titah sing dadi dakwa Aja gumampang ngrasa adil paramarta yen mung wasis micara Aja gumampang njaluk pangalembana yen mung pinter nendra Awit kamakmuran ora cukup ginambar ing pajangan Awit keadilan ora dumunung ing endahing pamicaran Awit pembangunan ora ateges ngrusak tatanan Awit pemerataan ora cukup sekadar ngluwesake kawicaksanan Awit pangentasan kamlaratan ora mung dumunung ing slogan : Kabeh janji kudu sarwa kinanthenan bukti kaya banyu kali sing mili turut gumuk lan pasawahan kamardikan lagi nduweni teges yen ora ana			

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		tangis kacintrakan O, sliramu sing kedanan bandha-donya aja ngimpi bisa nemokake dununge kabagyan yen ora bisa nyipta katentreman ing kedhunge iman!			
15	Aku Nglukis Ing Sayuta Langit	Delengen aku nglukis ing sayuta langit kebak warna abang sing cinipta saka getih jaman luput ngandhut banjur nindakake aborsi kanthi nguntal pil lintang guguran getihe dakwadhahi genthong angen-angen kagelan dene kuwase dakcipta nganggo rambut gunung njeblug lan warna-warna endah liyane cinipta saka pecahan raga nasib para glandhangan sing kasingkir merga impen para pamuja patung adipura O, kadang-kadangu sing ora nate bosen nyawang lukisan delengen lukisanku ing sayuta langit kae	Kahanan sosial masarakat modern	Kebak pangajeng-ajeng	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		kebak akrilik mata nangis, tangan nyadhong, lan sandhangan Pating sranthil! warna-warnane banget naturalis awit dumadi saka nyawa-nyawa sing pecat tanpa dosa			
16	Kali Luk Ula	kali luk ula kali tukung jiwa kali lesunge raga kali napase kawula wedhi krikil watu sarahan tangeh bobote yen kanggo sembranan wedhi wis dadi susu tumrap bayi-bayi krikil wis dadi ganjel weteng kawula sing kaungkil-ungkil watu dadi pangane titah sing wajib nyembah ratu kali luk ula kali tukung pangupajiwa crita melok kadang sing uripe banget rekasa kali luk ula kali sungsume jiwa raga kali kendhile kawula papa kali luk ula dudu kali bahan seminar dudu barang dagangan sing diedol ing pasar	Kahaman alam kanggo pangupajiwane 'wong cilik'	Kebak pangajeng-ajeng	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		kali luk ula dudu kali tontonan dudu papan kanggo jejogedan kali luk ula dudu warisan kanggo rebutan dudu nyamikan kanggo bancakan :kringet riwe pingget gulune rakyat gumantung marang iline yagene kali luk ula didadekake kartu cek banyune diombe kaya tuak lan brendhi? kali luk ula dudu tampar demokrasi dudu panjiret sing bisa dipolitisasi kali luk ula sumbering pangupajiwa aja dibroki kemreki utawa tuma toгна kali luk ula mili miturut kodrate kareben kawula cilik bisa ngrasakake asil tetese riwe najan kaya apa wujud panguripan tinimbang mider turut lurung dadi pepriman			
17	Kebumen	Mung kari tunggak lan balung-balung bungkek kapanggang panas kasapu lesus watu krakal mili mlebu jroning usus Tanpa tabet winih guritan sing nate dak dhedher	Kahanan alam kanggo pangupajiwane 'wong cilik'	Kebak pangajeng-ajeng	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		nalika tangan iki isih nyekel layang piyandel o, mitraku kapan bakal daksasak alang-alang kapan daktemu cangkir teko wadhahe wedang awit kabeh wis kipa-kipa marang kidung segara marang lembute laras budaya Mung kari uwuh lan kawat-kawat rongsokan plastik-plastik mawa racun jinereng ing sampiran uga sliramu katungkul lelangen ing banyune kali luk ula milih brendhi wiski tinimbang legen gula jawa Kebumen, bareng gogroge kembang- kembang randhu gogrog uga pangarep-arep ing pange kalbu			
18	Kanca Lawas	kanca lawas sing dakpethuki ing prapatan awake kuru pundhake mikul buntelan	Kahanan ekonomi	ikhtiar	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>“arep menyang endi mitraku? nggoleki rodha ekonomi sing mrucut saka porose lan tatanan sing mung bisa ngerut wong kere?” (godhong-godhong gogrog saka pang awakmu kabur kaya kapuk kumleyang) yen pengin bukti aja takon marang manungsa aja takon mentri bupati camat apamaneh sing paling kuwasa luwih becik takokna marang bocah angon kae kayangapa urip dadi kaya ngene rekasane rega-rega dadi rante wesi pranatan mujud dadi memedi “Aku lagi nggoleki tlacaking kamardikan nalika bocah-bocah bumi iki labuh marang negara ora butuh dhuwure pangkat tumumpuke bandha” (sliramu banjur lungguh</p>	<p>‘wong cilik’ ing jaman modern</p>		

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		bokmenawa ana angin liwat sing mesem lan mbagekake yogene ing negara sing kondhang adil makmur iki isih akeh wong mlarat lan kere) weruh lakune kanca lawas sing bandhane mung kari napas kaya ana sewu dom nunjemi maras weruh wong-wong neneka sing biyen teka saka tlatah manca mung kari ngisis ing jaman mardika lan numpuk bandha ngrangkul panguwasa kaya umob iki nala			
19	Ironi Kamardikan	Ora liya sesorah ing dina pengetan Sing kanthi swara sora ganter-ganter pindha panantang Ngelingake tekade para prajurit “Kita telah merdeka Pembangunan adalah tanggungjawab bersama Atas nama pengorbanan kita mesti ikhlas melakukannya” (lan kaya pangon sapi	Swasana dinten kamardikan	sikap mawas dhiri	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>sangune tudung musyawarah kanthi pecut demokrasi) Ora liya sesorah ing dina pengetan Rinonce endah kayadene kalung barleyan Rinasa seger sarandhuning awak Sumringah kayadene jamu temu lawak Ngelus-elus kebak kalembutan njanjekake kanikmatan Gawe ngantuk kaya bayi ing bandulan Bangsa iki pancen wis suwe merdika Uwal saka penjajahan ucul saka cengkremen kasangsaran Nanging apa nate dipikir lan dirasa Pangurbanan iku sejatine mung dadi sumber crita Dadi trompah lan kesed ing omahe para punggawa praja? Bangsa iki pancen wis suwe merdika Uwal saka rante penjajahan Urip jroning jaman pembangunan Nanging apa nate dicathet lan dietung Dina-dina terus bae kebak papa lan cintraka Keperihan lan kawengisan terus bae</p>			

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>disandang para kawula? Sejatine bangsa iki wis ora duwe pangrasa Sing mbungkem dhewe cangkeme lan bisa omong nanging bisu Sing nutup dhewe mripate lan bisa mandeng nanging wuta Sing mbanda dhewe tangane lan bisa ngranggeh nanging buntung Sing ngerut dhewe sikile lan bisa tumindak nanging lumpuh Sing nyumpel dhewe kupinge lan bisa krungu nanging budheg! Ora liya sesorah ing dina pengetan Kanthi wirama agung kebak kaendahan Ngambar-ambar saka ndhuwur panggung tekan pucuk pagunungan “Saudara-saudara marilah kita lestarikan semangat perjuangan kita isi kemerdekaan dengan pembangunan kita angkat rakyat jelata dari jurang kemiskinan Saudara-saudara Hargailah jasa para pahlawan</p>			

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		<p>Marilah kita bangun bangsa ini dengan etos pengorbanan Kita wujudkan masyarakat adil dan merata Demi terciptanya negara yang makmur dan sejahtera” (nanging sapa bae wis uninga kandela garis ireng kamiskinan ora bisa dibusek mung nganggo janji lan slogan sapa bae bisa dadi seksi tumrap oyod-oyod kolusi lan korupsi sing tumanjem kukuh ing bumi pertiwi! Tikus lan babi Ama lan durjana Terus bae rebutan bandhane negara!</p>			
20	Ironi Kamardikan	<p>Lemah putih lemah abang Jantung Merauke getih Sabang Timbulna saka guwa garbamu jiwa-jiwa sing tulus suci Kawula-kawula sing teguh nyekel janji Raja-raja sing kukuh nancebake sesanti Nyipta wadhas dadi emas Ngripta rintih tangisan dadi tembang guritan</p>	Semangat kamardikan	Kebak pangajeng-ajeng	

Tabel Kartu Data: Wosing Geguritan saha *Pandangan dunia* Pengarang

No	Irah-irahan Geguritan	Indikator	Wosing Geguritan	<i>Pandangan dunia</i> pengarang	Katrangan
		Iki ironi kamardikan Sawise ucul saka rante penjajahan Nasibe rakyat dadi pakane macan-macan			